ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ХЬАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№232 (22.640) • 2013 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 30, щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр соми 3-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КЪАНОКЪУЭ Арсен:

## КВН-р куэдым фIыуэ ялъагъу, сэри абыхэм сащыщщ

**КЪБР-м КВН-мкIэ и «ЛеНа КуКа» командэр «Кавказ лигэм» и кIуэх зэпеуэм щытекIуащ. Пашэныгъэр къэзыхьахэм екъуэхъащ республикэм и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен.**

«Сэ ди командэм и екъулIныгъэм сыщыгуфIыкIащ. ЩIалэхэм а екъулIныгъэр яхуэфащэщ икIи сэ абыхэм сохъуэхъу. Щэч кьытесхьэркым гушыIэ дахэмрэ ауан щэрыуэмрэ щIалэгъуалэр зэпыщIэныжкIэ, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэр зэпэгъунэгъу щIыныжкIэ Iэмал лъэщу зэрыщытым. Ди КВН-м хэтхэм езыхэм я ныбжьэгъуу Кавказ Ищхьэрэм щыIэхэм нэрылъагъу щащI унагъуэ зэкъуэту дыззэрыщытыр, творчествэм апхуэдэ Iэмалхэри щыщыбгъэсэбэп зэрыхьунур. Гуапэщ апхуэдэ зэщIэхьеенигъэм хиубыдэу щIалэгъуалэ политикэм и дежкIэ мыхьэнэ зиIэ гуапагъэм, тэмакъ кIыхьагъым, егупгъунигъэм зэрызэужьыр. Ар щIалэгъуалэр ноби къжкIуэну зэманми зыхуей Iуэхущ. Уэзпеуэнуэмэ, зэрызэпеуапхъэр мис апхуэдэущ - джэгурэ нэщхьыфIагъэрэ хэлъущ, кIэщIу жьпIэмэ, уи гумрэ уи псэмрэ зэIухауэщ. Араща КВН-р куэдым фIыуэ щIалъагъур, сэри абыхэм сахэту», - къыхигъэщхьэхукIащ КъБР-м и Iэтащхьэм.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iанэ.*

●АПК

## Консерв заводыщIэ

**«ЩхъуантIагъэхэм елэжь компание» жуап зэхэгъэщхьэхукIа зыхь зэгуэхьныгъэм Налшык къалэм къыщригъэжьащ илъэсым условнэ банкI мелуани 120-рэ къыщIэзыгъэкIыфыну консерв заводыщIэ.**

Абы щIагъэувэну иджырей Iэмэпсымэхэм Iэмал къатынущ къэнжал банкхэм илъу горох щхъуантIэр, нартыхур, джэшыр гъэфIэIуныжкIэ.

Мы проектым сом мелард 1,2-рэ текIуэдэну къабжащ. Заводыр 2014 гъэм лажьэу хуежьэнущ, ауэ и лъэщагъ псомкIи ар къыщагъэсэбэпыфынур 2017 гъэрщ. ПредприятэщIэм лэжьапIэ IэнатIэу 200 иIэнущ.

САМЧЕНКЭ Светланэ.

# Адыгэ хьэпшыпхэр Гамбург щагъэлъагъуэ

**Гамбург Этнографиемкlэ дэт музейм щэкIуэгъуэм и 24-м къыщыдзэIуахащ «Шэрджэсхэр: Кавказым щыщхэмрэ дунейм псом щыкъуьахэмрэ» гъэтэгъуэныгъэр.**

АР КЪЫЗЭРАГЪЭПЭЩАЩ музейм и унафэщI Кепке Вульф, Европэм щыIэ Шэрджэс Хасэхэм я федерацэм, Щэнхабзэ центрым, Тыркум, Къбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ республикэхэм, Краснодар, Ставрополь крайхэм щыщ адыгэхэм, Санкт-Петербург Ельциным и цIэр зэрихьэу дэт библиотекэм.

Гъэтэгъуэныгъэр къыщыдзэIунхьм Кепке Вульф къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ Iуэхур кьеуьхжьэным щхьэусыгъуэ хуэхъуар щыпIэ куэщи икъуьхьа хьуа щэрджэс лъэпкъым и щэнхабзэм, дунейпсо тхыдэм щигъэзащIь мыхьэнэм европейхэр щыгъэгъуэзэным зэрыарар.

Европэм щыIэ Кавказ Хасэхэм я федерацэм и тхьэмадэ Памжьыкьуэ Умар-Фарукъ, КъШР-м щыIэ Кавказ Ищхьэрэ ресурс центрым и унафэщI Пэф Мухьэмэд, Абхьаз-Адыгэ щIалэгъуалэм я дунейпсо зэгуэхьныгъэм и вице-президент Бэджий Замир сымэ къыщыпсалъэм кьыхагъэщащ Кавказым и щэнхабзэр, тхыдэр европейхэм егъэщIыхуным, щIалэгъуалэм лъэпкъ зэхэщыкI яIэу къэгъэхъуным, хабзэр хьумэным, хамэ къэралхэм щикъуьхьа адыгэхэр зэрыыгъыным, я адэжь щынатIэм епха хьуным и IуэхукIэ гъэтэгъуэныгъэм мыхьэнэшхэу зэриIэр.

ЗэIущIэм кьыщыпсэльащ Тыркум, Германием, Иракым, Сирием, Урысейм икIа лIыкIуэхэр.

Музейм щызэхуэхьэса хьэпшыпхэм яцыщIэр Мюнхен, Санкт-Петербург дэт музейхэм кьыщIахащ, адрейхэр Европэм щыпсэу щэрджэсхэм яхъумахэрщ. Унэм и зы блокыр хуахат Берлин щыIэ Абхъаз Хасэм и гъэтIыпIыгъэхэм. Ар къыззэыгъэпэщар Рудат Виолеттэрэ Ачимбэ Хиблэрэщ. Музейм и лжьакIуэм зэрыжиIамкIэ, 1990 гъэхэм абхъаз щэнхабзэм и гъэтэгъуэныгъэ щекIуэкIаяу щытащ абы.

Гъэтэгъуэныгъэр къыззэIуихьм Кепке Вульф къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ Iуэхур кьеуьхжьэным щхьэусыгъуэ хуэхъуар щыпIэ куэщи икъуьхьа хьуа щэрджэс лъэпкъым и щэнхабзэм, дунейпсо тхыдэм щигъэзащIь мыхьэнэм европейхэр щыгъэгъуэзэным зэрыарар.

Европэм щыIэ Кавказ Хасэхэм я федерацэм и тхьэмадэ Памжьыкьуэ Умар-Фарукъ, КъШР-м щыIэ Кавказ Ищхьэрэ ресурс центрым и унафэщI Пэф Мухьэмэд, Абхьаз-Адыгэ щIалэгъуалэм я дунейпсо зэгуэхьныгъэм и вице-президент Бэджий Замир сымэ къыщыпсалъэм кьыхагъэщащ Кавказым и щэнхабзэр, тхыдэр европейхэм егъэщIыхуным, щIалэгъуалэм лъэпкъ зэхэщыкI яIэу къэгъэхъуным, хабзэр хьумэным, хамэ къэралхэм щикъуьхьа адыгэхэр зэрыыгъыным, я адэжь щынатIэм епха хьуным и IуэхукIэ гъэтэгъуэныгъэм мыхьэнэшхэу зэриIэр.

ЗэIущIэм кьыщыпсэльащ Тыркум, Германием, Иракым, Сирием, Урысейм икIа лIыкIуэхэр.

Музейм щызэхуэхьэса хьэпшыпхэм яцыщIэр Мюнхен, Санкт-Петербург дэт музейхэм кьыщIахащ, адрейхэр Европэм щыпсэу щэрджэсхэм яхъумахэрщ. Унэм и зы блокыр хуахат Берлин щыIэ Абхъаз Хасэм и гъэтIыпIыгъэхэм. Ар къыззэыгъэпэщар Рудат Виолеттэрэ Ачимбэ Хиблэрэщ. Музейм и лжьакIуэм зэрыжиIамкIэ, 1990 гъэхэм абхъаз щэнхабзэм и гъэтэгъуэныгъэ щекIуэкIаяу щытащ абы.

# Экзаменхэр къызэрыIахым зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэнущ

**Егъэджэныгъэм и IэнатIэм кIэлъыплъынымкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и унафэщI Кравцов Сергей дэжьыгъэ Iуэхукlэ республикэм кьыщыкIуам КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Кравмов Константин хуэзащ. Ахэр тепсэлъыхьащ Зыуэщыт къэрал экзаменхэр кьыззэрызэрагъэпэщымрэ зэрырагъэжькIэмрэ теухуа Iуэху щхьэхуэхэм.**

НэХЪ апэкIэ къэрал экзаменхэм я егъэкIуэкIыкIэм щыгъэпсэлъыхьащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыIэ Хлопонин Александр щыналъхэм я унафэщIхэм ядригъэкIуэкIа видеоконференцым. А псалъэмакъым ипкъ иткIэ Кьаноокъуэ Арсен республикэм и Правительствэм хунгъэуващ Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр кьыззэгъэпэщыным нэхъ егугъуу бгъэдыхьэну икIи абы пыщIа Iуэхухэм езыр зэпымыуэ щыгъуазэ ящIыну.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Iыгъ Егъэджэныгъэм и IэнатIэм кIэлъыплъынымкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и унафэщIымрэ я зэIущIэм апхуэдэу кьыщаIэтащ егъэджэныгъэм и IэнатIэм щат лэжьапIщIэр зыхуэдэр. Курыт еджапIэхэм я егъэджакIуэхэм я лэжьапIщIэр иIуэсыр кьызэрыуиныгъэр икIи ягъэ процент 11,9-кIэ нэхъыбэ ящIащ икIи ар сом 19710-м нагъэсащ. НэгъуэщIу жьпIэмэ, егъэджакIуэхэм идкьыпсту кьаIэрохьэ икIи игу экономикэм щат мазэ уладхуэм нэхъыр сом мини 2-м щIигъукIэ нэхъыбэ. Апхуэдэу сабий садхэм я гъэсакIуэхэм, егъэджакIуэхэм я лэжьапIщIэри икIи игу сом 16350-м нэсащ, пэщIэдзэ профессионально егъэджэныгъэм и IуэхущIапIэхэмэ икIи игу мазэм сом 15261-рэ кьыщалэжь.

ЗэIущIэм апхуэдэу щызэпэкъахащ 2014 гъэм Зыуэщыт къэрал экзаменхэр зэрырагъэкIуэкIыну я мурадыр. **Кравцов Сергей** зэрыжиIамкIэ, къалэн нэхъыщхьэр а экзаменхэр -Iэмал зэрыIэкIэ нэхъ зэIухауэ, нэфI-ней хэмылъу кьызэрэпэщынымрэ, Абы папщIэ гулъытэ хэха хуащIынущ дэтхэнэ еджакIуэми вузым щэтIысхьэн папщIэ тэмэму экзаменхэр итыныжкIэ Iэмалхэр кьыхуэзгъэпэщыным. Щыналъхэхэм чэнджэщ ираташ Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ министерствэм, Егъэджэныгъэм и IэнатIэм кIэлъыплъынымкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм я лIыкIуэхэр, депутатхэр, жылагъуэ гъэкIакIуэхэр, адэ-анэхэм ящыщхэр зыхэт лэжьакIуэ гупхэр кьызэрагъэпэщыну. ФIэкIыпIэ имыIэу псоми ягурыгъэIуэн хуейщ дяпэкIэ экзаменхэр зэратым ткIийуэ зэрыкIэлъыплъынур икIи абы ехьэлIа хабзэхэр кьызэпызыудыхэр жэуапым зэрырашэлIэнур.

**Храмов Константин** кьыхигъэщхьэхукIащ Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр егъэкIуэкIынымкIэ щыIэ хабзэхэр нэгъэсауэ гъэзэщIэн зэрыхуейр. -Дэ дызыхуащIэкъур а экзаменхэр Iэмал зэриIэкIэ нэхъ зэIухауэ зэрекIуэкIынымрэ я закъуэкъым. Абы кьрокIуэ еджапIэ нэхъыщхьэм щIэтIысхьа дэтхэнэми хуэфащэн Iэщ1агъэ зригъэгъуэтынур», - жиIащ премьерым.

ЗэIущIэм апхуэдэу кьриихьэлIащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ **Чеченов Ануар,** республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **Щхьэгъэпсо Сэфарбий** сымэ.

ЗэIущIэр зэфIэкIа нэужь Егъэджэныгъэм и IэнатIэм кIэлъыплъынымкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и унафэщIхэр,КъБР-м и Парламентым и депутатхэр, КъБР-м и Правительствэм хэтхэр, хабзэхъуэмэ органхэм, Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ министерствэм я унафэщIхэр, муниципалитетхэм я Iэтащхьэхэр, курыт еджапIэхэм я унафэщIхэр, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэтхэр зэщIыгъуу тепсэлъыхьащ 2014 гъэм Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр тэмэму егъэкIуэкIынымкIэ къэув къалэнхэм.

*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iанэ.*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIэ льапIэхэр яфIэщыным теухуауэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

КъафэмкIэ гъуэзджэм зегъэужьыным, Урысей Федерацэм и лъэпкъэм яку дэлъ щэнхабзэ зэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэным куэд зэрыхащIыхьам папщIэ

цIэ льапIэхэр яфIэщын:

*«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубз артист» цIэр*

**Кубалов Эльбрус Таймураз и къуэ** - Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ орден зиIэ «Алан» къэрал академическэ къэфакIуэ ансамблым и художественнэ унафэщIым,

*«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и артист» цIэр*

**Губаевэ Альбинэ Щамил и пхъум** - Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ орден зиIэ «Алан» къэрал академическэ къэфакIуэ ансамблым и къэфакIуэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

*Налшык къалэ*
*2013 гъэм щэкIуэгъуэм и 12-м*
*№177-УГ*

**«Транспортым папщIэ налогым и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ статьям зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1. «Транспортым папщIэ налогым и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ статьям зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэдгтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуегъэзыкIи Iэ щIидзын икIи цIыхухэр щыгъуазэ ищIын папщIэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЧЕЧЕНОВ Ануар

*Налшык къалэ*
*2013 гъэм щэкIуэгъуэм и 28-м*
*№1733-П-П*

**«Транспортым папщIэ налогым и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ статьям зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

***Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къыщащащ 2013 гъэм щэкIуэгъуэм и 28-м***

**1 статьяр.** «Транспортым папщIэ налогым и IуэхукIэ» 2002 гъэм щэкIуэгъуэм и 28-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №83-РЗ-м и 6-нэ статьям и Iыхьэ 1-м налогхэмкIэ ставкэхэм я таблицэм и «Налогымкlэ ставкэр (сом бжыгъэкIэ)» графам:

1) етхуанэ сатырым хэт «30» бжыгъэр «35» бжыгъэмкIэ зэхъуэкIын;

2) еханэ сатырым хэт «60» бжыгъэр «65» бжыгъэмкIэ зэхъуэкIын;

3) ебланэ сатырым хэт «90» бжыгъэр «130» бжыгъэмкIэ зэхъуэкIын.

**2 статьяр.** Мы Законым къару егъуэт 2014 гъэм щIышлэм и 1-м щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

*Налшык къалэ*
*2013 гъэм щэкIуэгъуэм и 29-м*
*№82-РЗ*

■ ЗэIущIэхэр ■ Хьыбарыщ1эхэр ■ Дэ къытхуатх

КЪЭБЭРДЕЙ

■ ТВ, радио нэтынхэр ■ Щ1бэт къыдж1ыгъуэ ■ Малъхъэдис

● Щэнхабзэ

## Ахьшэр къыззэрагъэсэбэпар къапщытэж

КъБР-м Мэз хозяйствэмкIэ и къэрал комитетым къыщапшытэжаш федеральнэ бюджетымрэ республикэ бюджетымрэ къыхэкIкI субвенцэхэр щэкIуэгъуэм и 15-м ирихьэлIэу кьызэрагъэсэбэпар.

Абы къызэригъэльэгъуамкIэ, а лъэхъэнэм тещыхьаяу федеральнэ бюджетым кьыхэкIа сом мелуан 53,1-р, республикэ бюджетым кьыхэкIа сом мелуан 15,1-р и зэманым кьриубыдэу зыхухаха мурадхэм трагъэкIуэдащ. Комитетым и унафэщIхэм къызэралъытэмкIэ, Iуэхущ1апIэхэм кьэнэжа ахьшэр дызэрырыт ильэсыр ирухьу нэсу якуэгъэлэжьэнущ икIи а ахьшэр мэзым екьэлIа зэхущытыкIэхэр егъэфIэкIуэным трагъэкIуэдэнущ.

**ШАКЪ Заринэ.**

## ЛэжьапIэншэхэр нэхъ мащIэ мэхъу

2013 гъэм щэкIуэгъуэм и 20-м ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыкIуэр лэжьапIэ IэнатIэкIэ къызэгъэпэщыныжкIэ и

органхэм я учетым щыт цIыху лэжьапIэншэхэр 8390-рэ мэхъу. Ар 2012 гъэм и апхуэдэ льэхъэнэм ельытауэ процентэ 7-кIэ нэхъ мащIэщ.

КъБР-м ЦIыхухэр лэжьапIэкIэ къызэрэпэщыныжкIэ и къэрал комитетым и къудамэм и унафэщI Мамбэт ФатIимэ къызэрыджиIамкIэ, лэжьапIэ зимыIэ цIыху ныкъуэдыкъуэхэр IэнатIэншэхэм я процент 11,8-рэ нэгъабэ хьууэ щытамэ, идкьы ар процентэ 9,7-м нэсу ехащ. Ар зи фIыщIэр КъБР-м лэжьапIэншэхэм я бжыгъэр щыгъэмащIэным теухуа программэр пхыгъэкIыным дызэрыт ильэсым хэхауэ зэрегупуарщ.

**ХЪЫДЗЭ Мурат.**

## Iуэхутхьэбзэ уасэхэр тынымкIэ дэIэпыкъуныгъэм хохъуэ

ПсэупIэм, апхуэдэу коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм я уасэмкIэ дэIэпыкъуну 2013 гъэр кьызэрыуиэхэрэ кьэльэIуахэр цIыху 8460-рэ мэхъу.

Унагъуэ кьэс икIи игу субсидиеу мы гъэм сом 1760-м щIигъу (2012 гъэм - сом 1437-рэ) ирагащ. Мазибгъуэм кьриубыдэу псори зэхэту а Iуэхум трагъэкIуэдащ сом мелуан 90-м нэблагъэ.

*КъБР-м Энергетикэмкlэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ тариф политикэмкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ Iанэ.*

## Мы махуэхэм

**ЩкIуэгъуэм и 30,** *щэбэт*

● 1571 гъэм Къэбэрдей пщы уздий Идар Темрыкъуэ (Марие и адэр) дунейм ехьжащ.

● 1968 гъэм Гагарин Юрий и щIыхькIэ дыщэ медаль ягъэуващ.

●УФ-м щIыхь зиIэ и дохутыр **Жылокъуэ Зинаидэ** къыщалъхуа махуэщ.

●Режиссёр **Къубатий Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокIу.

**Дыгъэгъазэм и 1,** *тхьэмахуэ*

**●СПИД-м ебзыным и дунейпсо махуэщ**

●Румынием и лъэпкъ махуэшхуэщ - Республикэ зэрыхъуар (1918 гъэм) егъэлапIэ

●1917 гъэм Тэрч-Дагыстэн правительствэ къызэрагъэпэщат.

● Маршал, Совет Союзым плIэнейрэ и ЛIыхъужь **Жуков Георгий** къызэралъхуэрэ илъэси 117-рэ ирокIу.

●УэрэджьакIуэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Сосмакъ Валентинэ** къыщалъхуа махуэщ.

●Композитор, Адыгэ Республикэм гъуэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Сихьу Рэмзан** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокIу.

●Къэрал лжьакIуэ, политик **Джэш ФатIимэ** къыщалъхуа махуэщ.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык къешх-къесу щыщытынущ. Махуэм хуабэр гуащI 2, щыIэр жэщым градуси 3 - 1 щыхьэнущ.

**Дыгъэгъазэм и 2,** *блыщхьэ*

**●ЦIыхур гъэщIэлIныр гъэкIуэдыным хущIэкъуным и дунейпсо махуэщ**

**●Банк лэжьакIуэм и махуэщ**

●Хьэрып Эмират Зэгуэтхэр къыщызэрагъэпэща (1971 гъэм) махуэщ

●Лаос ЦIыхубэ-демократие Республикэм и махуэщ

● 1870 гъэм Рим Италием и щыхьэр хьуащ.

●Къэбэрдей джэгуакIуэ, усакIуэ **Агьнокъуэ Лашэ** къызэралъхуэрэ илъэси 162-рэ ирокIу.

●Маршал, Совет Союзым тIэунейрэ и ЛIыхъужь **Баграмян Иван** къызэралъхуэрэ илъэси 116-рэ ирокIу.

●ПсэупIэджэсакIуэ **Гъуэщокъуэ Хьусин** къызэралъхуэрэ илъэси 100 ирокIу.

●Тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Гуанэ Аскэрбий** и ныбжьыр илъэс 53-рэ ирокIу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэрэтехьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 2 - 3, щыIэр жэщым градуси 2 щыхьэнущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЪЭКIЭМЫХЪУ Марин.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Зи щхьэ мыузым уи щхьэуз хуумыIуатэ.**

● ФщIэн папщIэ

## Дыгъэгъазэм и 1-м щыщIэдзауэ

**Жыжьэ кIуэ мафIэгухэм я билетхэр къэзыщIэху цIыхухэм дыгъэгъазэм и 1-м щыщIэдзауэ къагъэлъэгъуэн хуейщ я щIэ-унэцIэр, адэцIэр, къыщалъхуа зэманымрэ щIыпIэмрэ.**

КАССЭХЭМ билетхэр къыщызыщэху цIыхухэм я дежкIэ ипэжыпIэкIэ зыми зихъуэжьнукъым: а хъыбар псори паспортым итщ икIи абыхэм нэхъапэмэ щIэупщIэуи щытащ билет къыщращэкIэ. ИнтернеткIэ билет къэзыщэхуу есахэм сатыр зыбжанэкIэ нэхъ загъэкIыхьын хуейщ, адрей цIыхухэм, нэхъапэхэми хуэдэу, паспортыр кассэм Iусым иратынущ икIи абы зыхуеину хъыбархэр итхынущ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, дыгъэгъазэм и 1-м къару ягъуэт «Транспорт шынагъэншагъэм и IуэхукIэ» Федеральнэ законымрэ УФ-м Транспортымрэ гъуэгуэкIэ и министерствэм и унафэмрэ.

**ШУРДЫМ Оксанэ.**

● Къэрал Iуэхущ1апIэхэм

# Сом мелуаным щIигъу

**Я къаIэн ягъэзащIэу Афганистаным къулыкъу щызыщIахэм я унагъуэхэм ядэIэпыкъунут. Ар КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд щыжIащ советыщхьэхэр Афганистаным кIыхьэрыращыкIэ илъэс 25-рэ зэрырикъунут и щIыкIэ республикэм щекIуэкIа зауэм хэтахэр щIэуцIэ дзэм ираджэну ныбжьыщIэхэм. А зауэм хэкIуэдахэмрэ ныкъуэдыкъуэхэхьэхэмрэ я унагъуэхэм мылькукIэ ядоIэпыкъу. Абы ипкъ иткIэ республикэ бюджетым кIыхаха сом мелуанрэ мин 50-р трагуэшэнщ Афганистаным щыIа зауэлIхэм я унагъуэ 85-м.

- Республикэм щопсэу афган зауэм хэтауэ 1347-рэ. 300-м щIигъу ныкъуэдыкъуэщ. Абыхэм ящыщу зыри гулыитэнщэу кьанэ хъунукъым, - кIыхьгъбелджылыкIащ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд. - Мы Iуэхур зэ закъуэ зэфIагъэкI лэжьыгъэуи щытын хуейкъым. Абыхэм зэпымыIуэу ди нэIэ ятедгъэтыпхъэщ.

Вице-премьерым КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкIэ и министерствэм и гъуэсу КъБР-м и дзэ комиссариатым кьалэн щищIащ УФ-м ЗыхъумэжныныгъэмкIэ и министерствэм «Советыдзэхэр Афганистаным кIыхьэрыращыкIэ илъэс 25-рэ ирокIу» дамыгъэр иратыну ягъэлъэгъуэн папщIэ а къэралым щыIэуэ псомэ я унэцIэхэр ятхыну. Абы кIыдзкIэуэу Къуэдзокъуэм кIыхитэщхьэхукIащ афган зауэм хэта сэлэтхэр, сержантхэр, офицерхэру мыпсэужхэри, мы зэманым Къэбардей-Балькъэрым и щIыналъэм имысыжхэри ягъэбелджылын зэрыхуейр.

ЗэIуIэм щаубзыхуащ махуэшхуэм ирихьэлIэу зэфIагъэкIынухэр. Абыхэм ящыщу Афганистаным щекIуэкIа зауэм теухуауэ КъБР-м и Къэбардей-Балькъэрым и Къэлэпчъэ музейм къыщыдэлъхьауэ гъэлъэгъуэныгъэр, ирагъэкIуэкIыну спорт зэхьэзэхуэхэр, нэгъэущIэхэри.

**ДЖЭДГЪЭФ Мариндж.**

● ЗэIущIэхэр

# Зэгурыlуэныгъэм и лъабжьэр

**Къэбардей-Балькъэрым ис лъэпкъхэм я зэхуаку зэгурыIуэныгъэ дэлъым папщIэ Хьыбарегъащ1э Iуэхущ1апIэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ министерствэм кIыхьэрыращыкIэ илъэс 25-рэ зэрырикъунуми и щIыкIэ республикэм щекIуэкIа зауэлIхэм гуфIэгъуэ Iуэхуэхэм зыхуагъэхьэзырыныжмкIэ кIыхьэгъэпсыгъуэ комитетым и зэIущIэм.**

ЦIыхУБЭ хьыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ министерствэм щекIуэкIа зэIущIэм щытепсэлъыхьащ а юбилейм ирихьэлIэу зэфIагъэкIынухэм.

Илъэсым зэрырыцIэдзэрэ республикэм и аджапIэхэм Афганистаным щекIуэкIа зауэм хэтахэр щIыуцIэ дзэм ираджэну ныбжьыщIэхэм. А зауэм хэкIуэдахэмрэ ныкъуэдыкъуэхэхьэхэмрэ я унагъуэхэм мылькукIэ ядоIэпыкъу. Абы ипкъ иткIэ республикэ бюджетым кIыхаха сом мелуанрэ мин 50-р трагуэшэнщ Афганистаным щыIа зауэлIхэм я унагъуэ 85-м.

- Республикэм щопсэу афган зауэм хэтауэ 1347-рэ. 300-м щIигъу ныкъуэдыкъуэщ. Абыхэм ящыщу зыри гулыитэнщэу кьанэ хъунукъым, - кIыхьгъбелджылыкIащ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд. - Мы Iуэхур зэ закъуэ зэфIагъэкI лэжьыгъэуи щытын хуейкъым. Абыхэм зэпымыIуэу ди нэIэ ятедгъэтыпхъэщ.

Вице-премьерым КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкIэ и министерствэм и гъуэсу КъБР-м и дзэ комиссариатым кьалэн щищIащ УФ-м ЗыхъумэжныныгъэмкIэ и министерствэм «Советыдзэхэр Афганистаным кIыхьэрыращыкIэ илъэс 25-рэ ирокIу» дамыгъэр иратыну ягъэлъэгъуэн папщIэ а къэралым щыIэуэ псомэ я унэцIэхэр ятхыну. Абы кIыдзкIэуэу Къуэдзокъуэм кIыхитэщхьэхукIащ афган зауэм хэта сэлэтхэр, сержантхэр, офицерхэру мыпсэужхэри, мы зэманым Къэбардей-Балькъэрым и щIыналъэм имысыжхэри ягъэбелджылын зэрыхуейр.

ЗэIущIэм щаубзыхуащ махуэшхуэм ирихьэлIэу зэфIагъэкIынухэр. Абыхэм ящыщу Афганистаным щекIуэкIа зауэм теухуауэ КъБР-м и Къэбардей-Балькъэрым и Къэлэпчъэ музейм къыщыдэлъхьауэ гъэлъэгъуэныгъэр, ирагъэкIуэкIыну спорт зэхьэзэхуэхэр, нэгъэущIэхэри.

**ДЖЭДГЪЭФ Мариндж.**

● ЗэIущIэхэр

# Зэгурыlуэныгъэм и лъабжьэр

**Къэбардей-Балькъэрым ис лъэпкъхэм я зэхуаку зэгурыIуэныгъэ дэлъым папщIэ Хьыбарегъащ1э Iуэхущ1апIэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ министерствэм кIыхьэрегъэпэщ къэрал Iуэхущ1апIэхэм я лэжьакIуэхэр, егъэджакIуэхэр, зэгухьэныгъэ зохъуэмыдэхэм хэтхэр, журналистхэр зрагъэблагъэ семинар-тренингхэр.**

ЭКСПЕРТУ зэIущIэхэм хэтыну кърагъэблагъащ ЦIыхубэ хозяйствэмрэ къэрал къулыкъущIапIэмкIэ Урысей Академиеу УФ-м и Президентым деж щыIэм и Кавказ Ищхьэрэ институтым социально-экономикэ, политикэ-хабзэгубзыку къэухтэныгъэхэмкIэ и центрым и Iэщ1агъэлIхэр. Япэ зэIущIэм хэта, тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат Тимченкэ Владимир кIыхьигъэщащ утыкум кърахьа Iуэхугъуэм гъащIэм и лъэныкъуэ куэд кIыхьэрыращIыбыдэр.

- Нобэ етхьэжьэ Iуэхур игъуэу зэгъэтIатэуэ кIыхьэолъытэ. Лъэпкъхэм я зэхущытыкIэм и гугъу щыпщIкI, къэльытэн хуейщ Iуэхур щекIуэкI щIыпIэм щыпсэуэхэм я хьэл-щэныр нэгъэущIу щытынкIэ зэрыхъунур. Урысейр лъэпкъ зэмылIуэжьыныгъэ куэд зэрыс къэралщ. Абыхэм ящыщ дзэтхэнэри хуейщ и хабзэр, щэнхабзэр, бзэр ихьымжьыну, - жиIащ Тимченкэ.

Абы и псалъэм кIыхьигъэщащ КъБР-м и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен 2013 гъэм мэлылъхьыным и 19-м Парламентым Зэрызыхуигъэзам мы Iуэхум теухуа Iыхьэ щхьэхуэ зэрыхигъэхьар. Абы щапхъэу кIыгъэльэгъуащ 2013 гъэм жэпуэгъуэм и 22-м лъэпкъхэм я зэхущытыкIэм теухуауэ Уфа щекIуэкIа зэIущIэм УФ-м и Президент Путин Владимир кIыщипсэльар. Апхуэдэуи кIыхьигъэщащ, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФШI-м щыIэ Хлопоним Александр лъэпкъ Iуэхуэм и нэIэ зэрытетыр. Мыихьэнэшхуэ зиIэу кIыпльатащ илъэс къэс Кавказ Ищхьэрэм щрагъэжьауэ «Мэшыкъуэ» щIалэгъуэлэ зэхьыхьэр. Сыту жыпIэмэ, абы зэрегъэцIыхуу, ныбжьыгъу зэхуецI лъэпкъ зэхуэмыдэхэм къахэла щIыблэр.

Ялэ зэIущIэм щрашэжьа гупсысэм адрей зэхуэсхэм щыпащэнуц, Iуэху зэIумыбзхэм пыуухыкIауэ тепсэлъыхьынущ.

**ГУГЪУЭТ Зареминж.**

● Шэджэм щыналъэ

# ЩIыIэм хуэхьэзырщ

**Шэджэм районым и псэупIэ-коммунальнэ Iэнатlэм и Iуэхущ1апIэхэр щIымахуэм зэрылажьэнум кьанэ щымыIэу хуэхьэзырщ.**

ХУАБЭ зэрыкIуэ бжьамийхэр зэрагъэпэщыжащ. Мы Iуэхум трагъэкIуэдащ псори зэхэту сом мелуанрэ мин 300-р. Жьы хьуа бжьамийхэр метри 150-м щызэрахъуэжащ, апхуэдэу якIэлъыплъащ унэхэр зэрагъэпль хьэкухэм, газ зэрыкIуэ бжьамийхэм. ЖыпIэ хъунущ Iэмэпсымэхэр щIымахуэ лъэхъэнэм дертынщэу лэжьэну.

**КIАРЭ Элинж.**

● Зэпеуэхэр

# ЗэчиифIэхэм папщIэ

**КъБР-м Хьыбарегъащ1э Iуэхущ1апIэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министерствэм кIыхьэ-ригъэпэщащ «Динымрэ зэгурыIуэныгъэмрэ» республикэ зэпеуэм ныбжьыщIэ куэд хэтащ.**

АБы щАГЪэЛЬэГЪУАЩ школакIуэхэм я Iэдакъэм кIыщIэкIа сурэт зэмылIэужьыгъуэхэр, социальнэ проектхэр, художественэ тхыгъэхэр, уэрэдхэр. Дэтхэнэ лэжьыгъэри теухуат диным, лъэпкъхэм яку дэлъ зэгурыIуэныгъэм, ныбжьэгъугъэм. ШколакIуэхэм ягъэлъэгъуэ сурэтхэм кIыхуеджэныгъэ гъэщIэгъуэнхэр тетхат: «Дыз1эмыщхьми, ди хуитыныгъэр зыщ», «Дызэгъуэсэмэ, дытыншынущ», «Ди кьэкIуэнур дыз1эрызэгурыIуэфым елытащ», «Мамырыгъэр къызыдэкIуэр зэкъуэтныныгъэрщ», «Ныбжьэгъугъэм и диныр гуапагъэрщ».

Зэпеуэм и кIэух зэIущIэр щекIуэкIащ Налшык къалэ дэт «Кърыш псынэ» зыгъэпсэхупIэм. Абы къекIуэлIащ зэ лэжьыгъэхэр нэхьыфIхэм хабжа ныбжьыщIэ 40-м щIигъу.

ЕкъулIэныгъэ зыIэрызыгъэхьахэм щIыхь тхыльхэмрэ саугъэтхэмрэ яритащ КъБР-м хьыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министр Кьумахуэ Мухьэдин. Министрым кIыхьигъащ1э зэпеуэм щагъэлъэгъуа лэжьыгъэхэмкIэ ныбжьыщIэхэм гупсысэ куу, хьэл-щэн дахэ кIыхьэрагъэлъэгъуар, дэтхэнэ Iэдакъэщ1экIми щIэщIигъуагъ зэрыхэпльагъуэр.

- Лэжьыгъэхэм яхэтщ цIыху нэхьыбэ, псом хуэмыдэу щIалэгъуалэр, зыщыгъэгъуэзэн хуейкъэ. Апхуэдэу щыхьукIэ, ахэр республикэм кIыщыдэкI газетхэм кIыхьэпхэщ, Ныбжьыщ1э зэчиифIэхэр гъэгъушхэн хуейщ, - жиIащ абы.

«Литературэ тхыгъэ» унэтIыныгъэм ягъэ увыпIэр кIыщихьащ Шэджэм ЕтIуанэ къуажэм дэт курыт школ №2-м и 11-нэ классым щеджэ Кьарэ Алинэ. Я лэжьыгъэхэм щIэщIигъуагъ зэрыхалъэгъуам папщIэ Щыхь тхыльэ а Iыхьэм щыхуагъэфэщащ Налшык щыщ Вишняков Артем, Тэрч кьикIа Амырхан Iэсият, Дзэлыкъуэдзэ щыпсэу Лу Кьантемыр сымэ.

«Плакат» унэтIыныгъэм пашэ щыхьэщ Налшык дэт курыт школ №30-м и 10-нэ классым щеджэ Ахмедовэ Малика. Лэжьыгъэм кIыщигъэлъэгъуа щIэщыгъуагъым папщIэ бахьсэндзэ Абазэ Лянэ Щыхь тхыльэ иратащ.

«Социальнэ плакат» лIэужьыгъуэм щызэпеуахэм Урыху дэт школ №2-м и 10-нэ классым щIэс Срыкъуэ Iэдам кIыгетIуэн кьаухэкIакъым.

Зэпеуэм хэта еджакIуэ нэхьыщIэ дыдэри гулыитэнщэ хьуакъым - ильэспищым ит прохладнэдэс Текlужь Артур саугъэт щхьэхуэ хуагъэфэщащ.

Пшыхьыр ягъэдэхащ «Нартшыр» уэрэджыкIуэ гупым.

**МЫРЗЭКЪАН Дисэ.**



# Ныбжьыщ1э акъылыфIэхэр ди мащIэкъым

**«Урысейм и къэкIуэнур зэлъыта ныбжьыщIэ акъылыфIэхэр» япэ Урысейпсо зэхьэзэхуэм иджыблагъэ щытекIуащ ЕджакIуэхэм щIэныгъэ-техникэ творчествэмкIэ я республикэ центрым и гъэсэнкIэ. Урысей Федерацыем и щIыпIэ 83-м кьыкIауэ зэпеуэм хэтащ ныбжьыщIэ 500-м щIигъу.**

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ хэта ныбжьыщIэхэм зэфIэкI хьарзынэ кьагъэльэгъуащ, - жиаIащ республикэм щыщу абы хэта гупым я унафэщIэху Науэнисэ Татьянэрэ Элэнэрэ. - Ахэр щыIэпеуащ «Къэкlуэнум и энергетикэр», «Къэкlуэнум и транспортыр», «Къэкlуэнум и медицинэр», «Къэкlуэнум и жылагъуэр», нэгъэущI Iыхьэхэм. Ди къэралым и къэкIуэнур зыхуэдэнум зэрегупсысыр, абы зэрепль щIыкIэр щIалэгъуалэм ди нэгу кьыщIагъэувэфащ.

Зэпеуэм и Iыхьэ зэхуэмыдэхэм щытекIуащ Бжьыней Ислъам, Трояновский Ян, Къуэныкъуей Асхэрбий, Соколов Глеб сымэ. Зэпеуэм хэтахэм Iэмал яIащ профессор щIэныгъэхэм я дерс купщIафIэхэм едэIуэну, кIыхьэрагъэпэща мастер-классхэм хэтыну.

Мы зэхьэзэхуэм хэта ныбжьыщIэхэр щогугъ рецыпликэм щыщхэм я зэфIэкI апхуэдэ зэпеуэ куэдым щагъэлъэгъуэну Iэмал яIэну, сыту жыпIэмэ, ди ныбжьыщ1э щIалэгъуалэ акъылыфIэхэмкIэ бейщ.

**НЫБЭЖЬ Таисэ.**

● Гулъытэ

# Илъэс 90 зэрырикъуамкIэ Путин Владимир къехъуэхъуащ

**Прохладнэ къалэм щыщ Диденкэ Аннэ илъэс 90 зэрырикъуар иджыблагъэ Iэтауэ ягъэлъапIащ. Урысей Федерацыем и Президент Путин Владимир абы кIыхьигъэхьа хьуэхъу гуапэм зэхьхьэм кIыщеджащ щIыпIэ администрацым и Iэтащхьэм социальнэ IуэхуэхэмкIэ и къуэдзэ Клешня Ларисэрэ ветеранхэм я кьалэ советым хэт Золотарёвэ Нинэрэ.**

ДИДЕНКЭ Аннэ кIыщальхуар Воронеж областым щыщ Колачеевскэ районырщ. Абы колхозым лэжьэн щыщIдзащ. Хэку зауэшхуэм и зэманым Баку кьалэм щыIэ дзэ частым кIулыкIу щищIащ. Абы и щIыхькIэ иужькIэ юбилей медалхэр кIыхьагъэфэщащ. Зауэ нэужым ар Прохладнэ кьалэм къэлпхъэрэн, илъэс куэдкIэ сатум хэтащ. ХьыджэбзитI итIащ.

Фигу къэдгъэкIыжьныщ 2012 гъэ льандэрэ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэмрэ тылым щылажьэхэмрэ илъэс 90 зэрырикъуар щагъэлъапIэм ирихьэлIэу къэралым и Iэтащхьэм кIыгъэдэкI кIыхьэхэр къаIэзэрыхьэр. Кьанокъуэ Арсен и унафэкIэ апхуэдэ юбилей гуфIэгъуэхэм зэрыщыIатетхэм я администрацхэм я лIыкIуэхэр ирохьэлIэ икIи Путин Владимир и хьуэхьыр зыхуэгъэзэахэм иратыж. Апхуэдэу юбилейр зыгъэльапIэхэм ятеуэуа тхыгъэхэр а щIыналъэхэм кIыщыдэкI газетхэм кIыгратащ.

**ПЕННЕР Еленэ.**

● Лэжьыгъэ Iэнатlэ

# Щ1ынальэм щынэхъыфIхэм ящыщщ

**КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкIэ и министерствэм щекIуэкIащ къэралым хьумэнымкIэ Iуэхущ1апIэхэм я лIыкIуэхэр зыхэт республикэ комиссэм и зэIущIэ. Абы хэтащ министерствэхэм, профсоюзхэм я рескомым, нэгъэущ Iуэхущ1апIэхэм я лIыкIуэхэр.**

ЗЭХЬХЬЭР иригъэкIуэкIащ лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкIэ министрым и къуэдзэ, комиссэм и унафэщым и къуэдзэ **Голочалов Николай**. Абы кIыхьигъащхьэкIащ мы Iэхъум теухуауэ ядкжыблагъэ Есэнтыигу кьалэм щекIуэкIа зэIущIэм «ЛэжьэнымкIэ щыIэ Iэмалхэмрэ лэжьыгъэр хьумэнымрэ егъэфIэкIуэн» республикэ программэу 2012 - 2015 гъэхэм ятещIыхьар округым щынэхьыфIхэм ящыщ зыуэ кьыхэзэрыльтар. А программэр щагъэзащIэ Къэбэрдей-Балькъэрыгъ.

Iэхъум и щытыкIэм теухуауэ къэпсэльащ ЛэжьыгъэмкIэ къэрал инспекцэм и унафэщым и къуэдзэ **Тхьэбысым Тимур**. Абы и псальэхэм ятепщIыхьмэ, 2013 гъэм и мазипщым лэжьакIэ Iэнатlэм кIыщыхъуа бэIуI1эухэу 9 зэхагъэкIащ. Зы цIыху хэкIуэдащ, 8-м фэбжь хьэльэхэр ягъуэтащ. «Къэхъуахэр зэрызэхагъэкIам кIыгъэльэгъуащ, - жиIащ Тхьэбысымым, - лэжьакIуэхэм фэбжь нэхьыбэу зыхахыр ахэр лъагапIэхэм кIыщэрехуэхыр, блынхэр къызэрытещахэр, н. къ. зэрыгаир. Щхьэусыгъуэ нэхьыщхьэхэр зэрыплэжьну хабзэхэр зэрамыгъэзащIэрщ, зэрызахъуэну Iэмэпсымэхэр кIыызэрамыгъэсэбэлырщ. Къэрал инспекцэр зэпымыуу я кIэлъапIэ щыкIэм».

Лэжьыгъэр хьумэным и Iуэхур кIыызэгъэпэщын зэрыхуейм тепсэлъыхьащ «Урысейм и пощт» ФГУП-м КъБР-м щиIэ къудамэм и унафэщым и къуэдзэ **Хлебников Владимиррэ** «Алина-К» ООО-м лэжьыгъэ хьумэнымкIэ и инженер **Стадник Натальерэ.**

Комиссэм хэтхэм кьалытащ къэпсэльахэм жаIар. Абыхэм министерствэхэм чэнджэщ иратащ езыхэм я унафэ щIэт Iуэхущ1апIэхэм щылажьэхэр щыхуэ 50-м нэсмэ, лэжьыгъэр хьумэнымкIэ Iэщ1агъэлI я1эн хуейуэ.

Зэ1ущIэм апхуэдэу КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкIэ и министерствэм и Щ1ыхь тхыльыр щратащ лэжьыгъэр хьумэнымкIэ ирагъэкIуэкIа Iуэхуэхэм кIыхьэжаныкIахэм.

**ТОКЪМАКЪ Мадинэ.**

● Налогхэр

# КИФШI-м щыпэрытщ

**Щ1экIуэгъуэм и 21-м Налог Iэнатlэм и лэжьакIуэм и маху-эгъэкIуэкIа щIыпIэм щыIэ Урысейм и Федеральнэ налог кулыкъым дызэрыт илъэсым и мазипщым и лэжьыгъэм къриклуэхэр щызэхэлъхьэжа, къалэныщIэхэр щауэбзыхуа коллегиер махуэшхуэм тригъэхуат.**

ЗэIущIэм хэтащ Урысей ФНС-м и управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Быф Руслан. Абы налог органхэм я лэжьыгъэм щызыIэрагъэхьа екъулIэныгъэхэм къыщыгъеувыIащ, адэкIэ зызыIуэжьыпхъэ уэнэтIныгъэ нэхьыщхьэхэр кIыщыгъэхьащ.

Коллегием кIыкIыжа нэужь, Быф Руслан и лэжьыгъуэхэм махуэшхуэмкIэ екъуэхьуащ, щIыналъэм и финанс Iуэхум хуащ хэлъхьэныгъэм, республикэм и бюджет хэхъуэр кIыызэрызэрагъэпэщыну папщIэ Урысей Федерацэм Финансэмкlэ и министерствэм, КъБР-м и Правительствэм, Урысей ФНС-м и Iуэхущ1апIэу КъБР-м щыIэм я ведомствэ дамыгъэхэр зыхуагъэфэщахэм яритащ.

КIыхьэдгъэщынщи, зэрыщыту налог кулыкъым хуэдэу, республикэм и налог органхэм я дежкIэ дызэрыт илъэсыр тышну щытауэ пухьжЬынукъым. Экономикэ щытынкIэ гугъум емылытауэ, республикэ бюджетыр щызу кIыызэрагъэпэщын, налог Iэнатlэм зэхъуэныныгъэхэр халъхьэн хуей хъуащ. Управленэм щыгъуазэ дызэрыщыщащмкIэ, блэнIа мазипщым налогыгу, нэгъэущIу Iэмал имыIэу ятын хуейуэ республикэм щызэхуахьэса сом мелуан 7989,9-рэ УФ-м и бюджетым ягъэхIуащ икIи кьалэныр процент 97,3-кIэ ягъэзэщIащ. Нэгъабэ ебгъащIэмэ, бюджетхэм ягъэхащ сом мелуан 1010,3-кIэ е процент 14,5-кIэ нэхьыбэ. Урысейм ар зэрыщыхьур процентти 2,4-рэщ.

Коллегием кIыкIуахэм япкъ иткIэ Урысей ФНС-м кIыдигъэкIа приказым кIыызэрыщIигъэльэгъуамкIэ, 2012 гъэм къэралым 55-нэ увыпIэр (Iуэхущ1апIи 103-м ящыщу), КИФШI-м ещанэр щызыIыгъа КъБР-м щыIэ УФНС-м и ныбжь УФ-м 26-нэ, Кавказ Ищхьэрэ Федеральнэ щIыналъэм япэ увыпIэхэр щиубыдащ.

**УАРДЭ Жантинэ.**

● Хъыбар гуапэ

# Фlагъкlи арэзы укъищIу, ягъэува пlалъэми къриубыдэу

**Нарткъалэ щызэфIэкIащ ещанэ курыт еджапIэр сыт и лъэныкъуэкIи зыхуэ1 хуэзэу зэгъэпэщыжыныр.**

ЕГЪЭДЖЭНЫГЪэ Iэнатlэр егъэфIэкIуэн» проектым хагъэхьати, а Iуэхум трагъэкIуэдэну федеральнэ бюджетым щыщу сом мелуанибгъум нэблагъэ къаIэрыхьат. ЕджапIэм и унащхьэм щыщу метр зэбгъуэзнатlэ миниттым щIигъуэ щхьэгъубжэу метр зэбгъуэзнатlэ 500-рэ зэрахьуэкIащ, метр зэбгъуэзнатlэ 400 мывэ лъэгу ирагъэкащ, псы, хэбэ зэрыкIуэ бжьамий жьы хьуахэм я пIэкIи щIэ далъхьащ. ЕджапIэм и унафэщI Езий Юрэ зэрыжиIамкIэ, лэжьыгъэ псори и фIагъкIи арэзы укъищIу икIи и пIалъэм ягъэбыдэу зэфIагъэкIащ ухуакIуэхэм.

Районым и адрей еджапIэхэм «Урысейм и егъэджакIуэ Iэнатlэр егъэфIэкIуэн» федеральнэ проектым зэрыщыубзыхуам тету, мы гъэ еджагъуэщIэм кIыриубыдэу кьаIэрыхьэнущ зэреджэ-лабораторэ Iэмэпсымэхэр, нэрылъагъу пособиехэр, унэльащIэхэр, тхылъэмрэ техникэрэ.

**СОКЪУР Риммэ,**
*Аруан куейм и щIыпIэ администрацым и пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.*

● Бахъсэн щIыналъэ

# Гъэщ1эгъуэну, купщ1афIэу

**Хьэтlохъущыкъуей къуажэм дэт 2-нэ курыт школым и 9-нэ классым щIэсхэм яджыбгъ электроэнергетикэм теухуа темэр. Абы нэхъ куууэ зыхагъэзгъэщэн мурадкIэ, еджакIуэхэм гупыж ящащ Урысейм и электростанц нэхьыжь дыдэхэм ящыщ Бахъсэн ГЭС-р зэрылажьэ щыкIэр зрагъэлъагъуну. Ар къыдаIыгащ «РусГидро» Iуэхущ1апIэм и унафэщIхэм.**

Мы IУЭХУЩIапIэм щылажьэ зэкIэлъыкIуэхэм еджакIуэ цIыкIуэр щагъэгъуэзащ Бахъсэн ГЭС-м и тхыдэм: ар 1936 гъэм зэрауТIыпщам, зауэ зэманым нэмыщI зэрыпхъуакIуэхэм ГЭС-р зэрызэзгъракIутам, абы и зэгъэпэщыжыным илъэсу куэд зэрэтекIуэдам, нэгъэущIэхэм.

2010 гъэм щIэпхъаджащIэхэм я зэранкIэ ГЭС-м и лэжьыгъэр аргуэру зэпыуащ. УФ-м и Правительствэмрэ республикэм и унафэщIхэмрэ зэгурыIуэри, ар сыт и лъэныкъуэкIи зыхуэ1 хуагъэзэжащ, идкырей Iэмэпсымэхэмкlи кIыызэрагъэпэщыжащ. Сабийхэр яфIэгъэщIагъуэну кIэлъыплъащ Iэмэпсымэхэр кIыызэрагъэсэгъэн идкыгъэм. Абыхэм ирагъэльэгъуащ Бахъсэн ГЭС-м я кьаруушхуэ зэрыбгъэдэлъыр, абы сэбэныногъуэ цIыхухэм кьахуилэжьыр зыхуэдизыр.

НыбжьыщIэхэм ялъагъу псори яфIэгъэщIэгъуэнт, куэдым щIэупщIэрт. Абыхэм кьащIащ «РусГидро» Iуэхущ1апIэм псори зэхэту мегаваттти 157,5-рэ кьару зыбгъэдэлъ гидроэлектростанцыр б зэригъэлажьэр, абы и лэжьыгъэм теухуауэ хьэщIэхэм ирагъэльэгъуащ видео теплъэгъуэхэр. Идкыгъей щIалэгъуалэр инженер Iэщ1агъэм дегъэхьэхьиным, псапэ щIэным хуэунэтIа лэжьыгъи цIыхухэм «РусГидро» Iуэхущ1апIэм. Абыхэм зэпкърыхауэ, еджакIуэхэм щIэщIигъуэ ящыхьуу тепсэльыкъуащ щIыналъэ куэдамэм и пресс-Iуэхущ1апIэм и унафэщI Балькъыз Алим.

«РусГидро»-м и жэрдэмкIэ, «ДЕТГИЗ» сабий тхыльэ тедзапIэм иджыблагъэ къыдигъэкIащ «Вода - необычное в привычном» зыфIаща тхыльэр. ЕджакIуэхэм апхуэдэ тхыльэ зырыз тыгъэ хуащ1ащ.

А махуэм сабийхэм кьащIащ Бахъсэн ГЭС-м лэжьыгъэщхуэ зэрыщыIэзэфIагъэкIым, абы сэбэныногъуэ цIыхубэм кьахуихьым уасэ зэримыIэр. Ныбжьыщ1эхэм ящыгъуэ, ахэр географиемкIэ езыгъаджэ Щыбзыкъуэ Иринэ кIыхьигъэщащ школым щрат щ1эныгъэм и мызакъуэу, зыхутепсэлъыхьыр сабийхэм нэрылъагъу ящыщIын зэрыхуейр, итIанэ егъащIэри нэхъ щ1эщIигъуэ зэрращыхьунур, лэжьыгъэми нэхъ зэрытегушхуэнур.

ЩIалэгъуалэм хуабжьу ягу ирихьащ кIыызэрытекIуэха Iуэхур, щIэщIигъуэ куэд зрагъэщIащ, я нэгуи зиужьауэ еджэным пащэжащ.

**АЛОКЪУЭ Аринэ.**

● Щ1алэгъуэ

# Интернетым дихьэххэр ягъасэ

**Къэбардей-Балькъэрым и университетым ныжьблагъэ щекIуэкIащ щIалэгъуалэм интернетым кIыщызэIуах напэкIуэцIхэр зэрагъэлажьэ щIыкIэм щыхуагъасэ зи чэзу семинар, «Школа блогеров» зыфIащащ.**

КъБР-м и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэм, КъБКъУ-м и студентхэм я зэгухьэныгъэм, «Горянка» газетыр я щIэныкъуэу кIыызэрагъэпэщащ зэхуэсым и эксперт кьалэнхэр ягъэзэщIащ зи гугъу тщIа газетым и редактор нэхьащхьэ Къанокъуэ Заринэ, абы и корреспондентхэу Бекузаровэ Юлиерэ Битокъу Маринэрэ.

Семинарым кьекIуэлIат интернетым зи блогхэр кIыщызэIуахауэ а лэжьыгъэм ятепсэльыхьэр щыIэн ныбжьыщIэ 30-м нэс. Псоми кьагъэсэбэн урысыбзэм щэрыуэу ирипсэльэфрэ щыуагъэншэуи тхэфу щытыным мыхьэнэшхуэ зэриIэм тепсэлъыхьащ зэхуэсым кьекIуэлIахэр. ЯщIэн хуей псори, дауи, кьахуэзэщIэубыдзнутэкIыным семинарыр зэрекIуэкIа сыхьэтрэ ныкъуэм кIыриубыдэу, ауэ щIалэгъуалэм сэбэн яхуэхьун куэд щIыхьахащ зэIущIэм. Абыхэм ирата чэнджэщхэм ящыщт ныбжьыщIэхэм тхыгъэфI нэхьыбэ щIаджыкIыныр я бзэм зиужьныжмкIэ сэбэн зэрахуэхьунур.

Хэт деижи гурыIуэгъуэщ: ди зэманым щIалэгъуалэр нэхъыбэу дзэзыхьэжыр интернетырщ икIи мыхьэнэшхуэ иIэщ абы щагъэт хьыбарэхэр и фIагъ-IеягъкI зэхэдзыным. Семинарым кьыщыпсэльахэм кьыхагъащащ интернетым напэкIуэцI кьыщыIэзыIуахэм а Iуэхугъуэм гулыитэ хэха хуащIын зэрыхуейм. Псори ахъшэгъэгъу зэрэхьуащ абыхэм я лэжьыгъэр щIалэгъуалэм я гъащIэр нэхъ гъащIэгъуэн, нэхъыфI щIыным хузгъэзауэ щытын зэрыхуеймкIэ.

**ЩОДЖЭН Iэминат.**

● Май щIынатъэ

# Жыггъэкlхэм ядоIэпыкъу

**Къэбардей-Балькъэрым и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен и унафэкIэ 2020 гъэр къэсхуу республикэм щыхасэнущ жыггъэр псынщIэу щагъэкI хадэхэу гектар мин 15-м нэс. Май районым мы Iуэхум щыхуахьнущ гектари 160-рэ.**

РАЙОНЫМ щыяпэу зи гугъу тщIы лэжьыгъэм щыпэрыхьащ «Ленинцы» мэкъумэщ кооперативым. Япэ илъэсхэм хаса гектар 30-м мы гъэм щагъуэжащ 25-рэ. МыlэрысеишIэхэр щIым хэзэгъащ. Хозяйствэм и хадэгъэкI нэхъыщIхэ Мартынов Вячеслав щогугъ 2015 гъэм пхъэщхьэмыщIхэ бэв кIрихьэлIэну.

Жыг гъэкIыным хуабжьу зыгъэгъуа хьэрычэтыщIэхэм. Джатэгъэзэж Борис, Архэст Валерий, Темыржан Ильяс сымэ гектари 100-м щIигъум мыIэрысеишIэхэр щагъэтIысащ. Абы кьыдэкIуэу «Александровская» агрофирмэм и мурадщ зи гугъу тщIы жыгыщIэ лIэужьыгъуэхэм хуэдэу аргуэру гектари 100 хисэну.

Районым агропромышленнэ комплексым зегъэужьныныкIэ и кьудамэм и унафэщI Полиенко Александр и псальэхэм ятепщIыхьмэ, жыгыщIэхэр хэсэным, ахэр зехьэныным текIуэдэну мылькум субсидиехэр хухахынущ. Псалъэм и хьэтыркIэ, 2013 гъэм Май районым и хьэрычэтыщIэхэм федеральнэ, муниципальнэ бюджетхэм кьыхэкIуэ сом мин 89-рэ иратынущ.

**ЮРЧЕНКЭ Наталье.**

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Щэнхабзэмкlэ и министерствэр **Текlушэ Артур Александр и кьуэм** хуогузавэ абы и анэ **Текlушэ (Цей) Аминат Хьэжмурид и пхъур** зэрылIам кьыхэкIыу.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ **Текlушэ Артур Александр и кьуэм** хуогузавэ абы и анэ **Текlушэ (Цей) Аминат Хьэжмурид и пхъур** зэрылIам кьыхэкIыу.

● Егъэджэныгъэ

# ІэнатІэр зэрырагъэфІэкІуэным хущІокъу

**Ди газетым зэрытетащи, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэкІуэгъуэм и 27-м щыІащ Егъэджэныгъэм и Іэнатіэм кІэлъыплъыныгъэ щегъэкІуэкІыныжмкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и унафэщІ Кравцов Сергей, абы и къуэдзэ Музаев Анзор, Зыуэ щыт къэрал экзаменым папщІэ къызэращытэ лэжьыгъэхэр щагъэхьазыр федеральнэ центрым и унафэщІ Пономаренко Сергей сымэ.**

ЯПЭУ хьэщІэхэр ирагъэблэгъащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым. КъБКъУ-м и ректор **Кьарэмырзэ Барэсбий** аэр кІэщІу щигъэгъуэзащ еджапІэм лэжьыгъэр зэрыщІекІуэкІым, яІэ мурадхэм. Адэкіэ хьэщІэхэм ирагъэлъэгъуащ «Университетыр - новэ» выставкэр. «Университетым дыІэрыгушхуэ екъулІэныгъэхэр и мащІэкъым, - жиІащ ректорым. - Ар ящыщщ егъэджэныгъэр къызэрызэгурІэпэщ фІагъымкІэ Урысейм и вуз нэхъыфІхэм». Къарэмырзэр тепсэлъыхьащ университетым рейтинг Іэмалыр, Болонскэ егъэджакІэм и мардэхэр къызэрыщагъэсэбэным, зэфІагъэкІа щІэныгъэ-къэхутэныгъэхэм, Іэнатіэм къыхъыхьэ Іуэхущ Іэхэр я Іажьыгъэм зэрыхальхьэм, нэгъуэщІ куэдми. Псом хуэмыдэу хьэщІэхэм ягу ирихьат КъБКъУ-м Іэпщіэтъапщіагъэм щыхурагъаджэ и къудамэм и студентхэм я Іэдакъэщіэкіэхэр. Ахэр яфІэгъэщІэгъуэну епльащ хэдыкІым, уагъэм я Іэмалхэм студентхэр зэрыхуэІэкІуэтъакІуэм, гъуапльэм хьэпшып гъэщІэгъуэнхэр кІыІэрыхьащыкІым. Адэкіэ хьэщІэхэм зрагъэлъэгъуащ университетым и физкультурэ спорткомплексыр, бизнес-инкубаторым щрагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэм зыщагъэгъуэзащ.

ИужькІэ ахэр щыІащ Налшык кьалэ дэт еплІанэ гимназием. Сабийхэм, абыхэм я гъэсакІуэхэм яхуэзащ, 9-нэ, 10-нэ классхэм дерсхэр зэрыщекІуэкІым кІэлъыплъащ, я библиотекэр, пщэфІапІэмрэ шхапІэмрэ зыхуэдэр зрагъэлъэгъуащ.

- Нобэ фи республикэм Іуэхугъэитым дыщытепсэлъыхьыну дыкъеблэгъащ, - жиІащ Кравцов Сергей, журналистхэм къыщепсалъэм. - Ипэр - 2014 гъэм Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр зэрырагъэкІуэкІыным Іэмалыр, Болонскэ егъэджакІэм и мардэхэр къызэрыщагъэсэбэным, зэфІагъэкІа щІэныгъэ-къэхутэныгъэхэм, Іэнатіэм къыхъыхьэ нэр Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и лэжьакІэм зыщыдгъэгъуэзэнырыц. Экзаменхэм я Іуэхукіэ дэ кьалэн нэхъыщхьэу зыхурагъувыжащ дызыхельэну ильэсым абы и хабзэхэр къызэпамыду, ягъэува жыпхъэхэм тету ар тэмэму едгъэкІуэкІыныр. Щколым фІыуэ щеджа ныбжьыщІэм экзаменхэр нэфІ-неІ хэмылъу егъэтын хуеІщ. Дэ ди кьалэнэ щІ ахпуэдэ Іэмал кьыхуэзэдгъэпэщыну.

Университетым щиІльэгъуэхэм я гугъу щищІым Кравцов Сергей кьыхигъащІащ абы щекІуэкІ лэжьыгъэм арэзы кьыззэрищІар икІи жиІащ Кавказ Ищхьэрэм щыІэ еджапІэ нэхъ льэщІэм ар зэращыщыр.

- КъБКъУ-м хуэдэ еджапІэ нэхъыщхьэхэрщ Урысейр зыхуэныкъуэр, - жиІащ абы. - Фэ фызэрыщыгъуазэщи, къэралым и вуз 69-м лицензэхэр иджыблагъэ кьыІахьжащ, Егъэджэныгъэм и Іэнатіэм кІэлъыплъыныгъэ щегъэкІуэкІыныжмкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэр абыхэм я лэжьакІэм арэзы кьыззэримыщІам къыхэкІыу. А къэпщытэныгъэхэр ди Іуэхущ Іапі Іэм мазищкІэ иригъэкІуэкІащ икІи дэ дызыхущІэкъур щІэныгъэ хэту зэІущІэ едгъэкІуэкІынырщ, еТІуанэр Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и лэжьакІэм зыщыдгъэгъуэзэнырщ. Экзаменхэм я Іуэхукіэ дэ кьалэн нэхъыщхьэу зыхурагъувыжащ дызыхельэну ильэсым абы и хабзэхэр кьызэпамыду, ягъэува жыпхъэхэм тету ар тэмэму едгъэкІуэкІыныр. Щколым фІыуэ щеджа ныбжьыщІэм экзаменхэр нэфІ-неІ хэмылъу егъэтын хуеІщ. Дэ ди кьалэнэ щІ ахпуэдэ Іэмал кьыхуэзэдгъэпэщыну.

Журналистхэр щІэупщІащ зи пщэрыльхъэм тэмэму пэмыльэщ еджапІэу кьахутахэм адэкІэ кьапэпльэр зыхуэдэм.

- Апхуэдэхэм я нэхъыбэр мыкъорал еджапІэ нэхъыщхьэхэрщ, абыхэм я кьудамэу щІыналъэ зэхуэмыдэхэм щыІэхэрщ, - жиІащ Кравцов Сергей. - Абыхэм егъэджэныгъэм и хабзэ куэд кьыщыІэпауд, абы кьыхэкІыуи, ахэр бгъэлэжьынкІ тэмэмкъым. Дызытехьэ ильэсым апхуэдэ еджапІэ псомкІэ кьэпщытэныгъэхэр щедгъэкІуэкІынуц икІи абыхэм кьрикІуам тету адэкІэ я унафэ тщІынуц. Дэ зыгуэрым зэран дыхуэхъуну нужь диту аракъым, ди пщэрыльнэ нэхъыщхьэр УФ-м и егъэджэныгъэ Іэнатіэр едгъэфІэкІуэнырщ, абы зедгъэуужьынырщ.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩІ изэ.**

*Сурэтхэр* **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

# Зэныбжьэгъугъэм и дамыгъэ

● Щыхь

**Советыдзэм нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакІуэхэр Сталинград дежи зэрыщигъэкІуэтрэ илъэс 70 щрикъум ирихьэлІэу, Урысейм и щІыналъэ куэдми хуэдэу, ди республикэми щагъэльэпІащ къыкІуэт ямыщІэу Хэку зауэшхуэм хэта сэлэт хахуэхэм я щІыхьыр. Волгоград Къэлэ-ЛІыхъужьым щекІуэкІа дауэдапщэхэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и лыкІуэ гуп.**

А МАХУЭШХУЭМ ирихьэлІэу республикэм и гъэкІэ, библиотекэ псомкІи щекІуэкІащ ветеранхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ я зэІущІэ гуапэхэр, гъэлъэгъуэныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр. КъБР-м Хъыбарегъащ Іэ Іуэхущ Іапі Іэхэмкіэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкІэ и министерствэм телелъэмыжкІэ Волгоград зыпищІэри зэпсэльэри, щІыналъэ ІтІми я къалащхьэхэм Зэныбжьэгъугъэм и аллеер щыгъэшыну зэгурыІуащ.

«ЗауэлІ щІыкъым и къалэ» цІэ льэпІэр зыхуагъэфащэ Налшык и ХьэтІохъуцокуэ жыг хадзэм Іэху дахэ щалэжьащ - Волгоград областым кърашауэ пхъэхуей жыг 70 щыхасащ абы.

Зэныбжьэгъугъэм и аллеер щаубзыхум кІэрихьэлІа хьэщІэ льапІэхэм яхэтт Хэку зауэшхуэм и ветеран, Сталинград дежи щекІуэкІа зауэ гуащІэм лІыхъужьыгъэ щызэзыхьа Щомахуэ Льюстэн. И ныбжьыр ильэс 96-рэ зэрыхъум емылъытауэ, абы бел кІыщІэри, жыг зыбжанэ хисащ.

«Зауэм щыщІидзам Житомир дежи щыІа 315-нэ авиаполкым къулыкъу щысщІэрт. Зауэ гуащІэ куэдым илъэсым щІигъукІэ дыхэтаюу, 1942 гъэм жэпуэгъуэ маззм и кІэхэм сэлэтих мафІэгум драгъэтІысхьэри, нэхущым Сталинград дыкъыщыщІидзащ, - игу кьеГъэкІыжь Льюстэн. - Щы кІапэхэр, унэ щхьэхуэхэр нэмыщІ зэрырпхъуакІуэхэм кьафІэдзэуэжащ, ди щхьэ нэхъыфІщ жьІакъым».

1943 гъэм щІыщыпэм и 18-м Щомахуэр уІэгъэ хьэлъэ хъури, Раменск дэт сымаджэщым зэман кІыхькІэ щІэлъауэ, и узынщагъэм щыкІэлъыгъэплъэну Къэбэрдей-Балъкъэрым къагъэкІуэжат. А зэманым ди республикэри къэралри цІыхухэм къару хуэныкъуэт. Льюстэн зэрыхуэзфІэкІкІэ лэжьащ, абы кьыдэкІуэуи егъэджакІуэхэр щагъэхьэзыр курсхэр кьиуухьжащ. КъызэрыщІэкІамкІэ, Щомахуэм и насып хэлът егъэджакІуэ Іэщ Іагъэм. А лэжьыгъэ мытыншым гурэ псэкІэ бгъэдэту ильэс 40-кІэ лэжьащ.

«ЦІыхухэми къэралми я хъуэпсапІэр текІуэныгъэр нэхъ гъунэгъу зэращІынырт. Совет сэлэт псоми хуэдэу, сэри, Іэмал зэрилэкІэ, си кьулыкъур есхьэкІырт, хэкум хуэсщІэр сфІэмащІэу», - жеІэж дадэм.

Зэрихьа лІыгъэм и дамыгъэу Хэку зауэ орденым и япэ нагъыщэр, «Сталинград зэрахъумам», «Германием зэрытекІуам» медалхэр къыхуагъэфащауэ щытащ. ИужькІэ къратащ «Урысейм и хэкупсэ» медалыр, юбилейхэм ирихьэлІэу къыдагъэкІа медалхэм хуэдэу 12, КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я щІыхь, фІыщІэ тхьылъхэр.

Льюстэн жьыщхъэ махуэщ, абы и бынхэм я быныжу 13, абыхэм къатепщыкІыжауэ 15 иІэщ.

- «Иджырей ныбжьыщІэм и гупэр дэнэкІи игъэзэни и гъэзуг зэІухащ. Жэрдэм яхэлъ закъуэмэ, енджэнуи лэжьэнуи кьыпэрыуэу щыІэкъым. Абыхэм я пщэ кьыдэхуэр я гъащІэр щхьэуэбых яхуэзыщІа лІыхъужьхэм яхуэфащэу, абыхэм я щІыхьыр яхъумэу, нэгъуэщІ льэпкъхэм пщІэ хуащІрэ ягъэныбжьэгъуу, мамырыгъэм и телъхьэу псэунырщ. Сталинград дежи лІыгъэ зэрыщІэзэрахьар куэдкІэ и фІыгъэщ абы хэтахэм яхэпльа гъэсэныгъэмрэ льэпкъ зэныбжьэгъугъэмрэ. Зы анэм кьилъхуа зэдзэлъхуэзэшыпхъу хуэдэу дызэхущытащ дэ. Ди къэралыр кьарууфІэ, пльэщыщІыр абы ис льэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэрщ. Дэ ар кьыдгурыІуэн, тхъумэн хуейщ», - дыщІигъужащ и псальэхэм дадэ Іумахуэм.

«Сталинград дежи щекІуэкІа зауэм советыдзэм щыщу мелуаным щІигъу хэкІуэдащ. Тхыдэм къызэрыхэщыжьмкІэ, абы нэхъ льыгъажьшхуэ здащщІа зэхэуэхэм яхэтакъым. Ди дежкІэ пщІэщ икІи щІыхьышхуэщ ди щІыпІэм щекІуэкІа зауэ гуащІэм кьикІуэт имыщІэу хэта лІыхъужьым нобэ дыІущІэу и Іэр дубыдыныр. Волгоград щыпсэу псоми кьабгъэдэкІыу Сталинград зауэм и лІыхъужьым фІыщІэшхуэ хуэсщІыну сыхуейщ, узыншагъэ быдэ иІэну сохъуэхъу!» - жиІащ Волгоград областым льэпкъ, къэзакъ Іэхуэхэмкіэ и министр Чернов Сергей.

Къыхэгъэщыпхъэщ Хэку зауэшхуэм и ветерану ди республикэм исыж щыхуэ 590-м ящыщу 32-р Сталинград дежи щекІуэкІа зауэм зэрыхэтар.

**ДЖЭДГЪЭФ Маринэ.**

# ЗауэлІыр ящыгъупщэркъым

● Фэеплъ

**Бахьсэн куейм хьыхьэ Бахьсэнёнкэ кьуажэм щагъэуващ Хэку зауэшхуэм хэкІуэда ТхьэмІокъуэ Хьэсэн и фэеплъ. А Іуэхум теухуа зэІущІэ щекІуэкІащ кьуажэм дэт ещанэ курыт школым, районым, кьуажэ администрацэхэм, дзэ комиссариатхэм, ветерансхэм я советхэм, егъэджэныгъэмкІэ, дзэкІыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкІэ куей Іуэхущ Іапі Іэхэм я лажьакІуэхэр, кьуажэ депутатхэр, школ унафэщІхэр, еджакІуэхэр, ТхьэмІокъуэхэ ящыщхэр хэту.**

ХЬЭСЭН кьызыхэкІа лъэпкъым и нэхъыжьхэм я жэрдэмкІэ школ пщІантІэм дагъэуващ гранатэ иІыгъыу фашистхэм я танкым зыпэщІэзыдза, илъэс 23 ныбжьым итзауэлІ хахуэм и фэеплъ.

- ТхьэмІокъуэхэ я кьуэпажэм и пщІэр яІэта кьудеймы щыщымыІэу, блэкІар зыщыбгъэгъупщэ зэрымыхьунур кьозыІуэкІ щапхъэ дахэ ягъэльэгъуащ, - жиІащ район администрацэм и унафэщІым и къуэдзэ Къаздэхъу Олег.

Фэеплъыр къызэІуахащ кьуажэ администрацэм и унафэщІ Абрэдж Хьэутий, Къаздэхъу Олег, ТхьэмІокъуэ лъэпкъым я нэхъыжь Хьэрэтэлий сымэ.

- Къэралгъунапкъэр зыхуэмазауэлІым и цІэр фІащащ кьуажэ уэрамхэм ящыщ зым. Школым и пионерхэм я зэгухьэныгъэми абы и цІэр зэрехьэ, - жиІащ еджапІэм и унафэщІ Джатокъуэ Валерэ.

Фэеплъыр къызэрызэІуахам и щІыхькІэ, лІыхъужьым кьыдэзэуахэм абы хуэзохалъхьауэ щыта уэрэдыр кьагъэщІэрэщІэжащ.

**АЛОКЪУЭ Аринэ.**

● Дэ къытхуатх

# Щыкъу анэ гуапэ

**Унагъуэ зыухуэну мурад зыщІа дэтхэнэ зы цыхухъури, щэч хэмылъу, йогупсыс псэгъу хуэхъунумрэ абы и анэр (щыкъу анэр) къыздэрыхущІэкІынымрэ. Уеблэмэ щыкъу анэм теухуауэ гушыІэ куэд къырахьэкІ, ар яфІэзэджэу, яфІэлейуэ.**

Сэ абыкІэ сыарзэыкъым!

ЩыІэщ малъхъэр быным хуэзэыгъадэхэри. Абыхэм ящыщщ сэ щхьэгъусэ схуэхъуэм и анэ Абокъуэ Светланэ.

Адыгэм зэрыжиІащи, «псалъэ дахэм блэри гъуэмбым кьреш». Сэтэ зэрыбзэІэфІым, зэрыгукъэбзэм кьызэгъэщтащ нобэ мы кьалэмыр. Сэ сыщыгъуаззщ «Адыгэ псалъэ» газетыр фІэфІу Светэ зэрыщІидзыкІым. Абы кьыхэкІыу, сыхуейт, фи газетыр кьэзгъэсэбэну, езы Свети, газетым и щІэджыкІакІуэхэми яжеІэну си щыкъу анэм сызэрыхуэзарэзщІ. Быным быным хуэзэдгъэхуэзэрэри. Абыхэм ящыщщ сэ щхьэгъусэ щэнхабзэмкІэ и унэм ирагъэблэгъащ Светэ щылэжьэну. Абы льэндарэ ильэс 40 дэкІащ, ауэ ар зы махуи хущІегъуэжакъым гурэ псэкІэ кьыхиха Іэщ Іагъэ дахэм.

Абокъуэ Светэ и лэжьыгъэфІым къыпкІуэу кьыхуагъэфащащ КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм, район администрацэм щэнхабзэмкІэ и къудамэм я щыгъэсу тхьылъхэмрэ сауэгъэтхэмрэ.

Светэ зэхилъхьэ макьамэхэр куэдым ягу нос, уэрэджыкІакІуэхэм ягъэзащІэ.

Щэнхабзэмкіэ унэм и мызакъуэу, Светэ щолажьэ сабий гъэсапІэхэми. КъыдэкІуэтей щІэблэм гъэсэныгъэ тэмэм ябгъэдэлъхьэным ущыщІишуэ хэзыльхьэ щыку Іущым и нобэри и пщэдейри хъуэпсапІэ дахэхэмкІэ гъэнщІащ.

Светэ и быным сыхуигъэдэфащи, сэ сыхуейщ а анэ гумащІэр, щхьэгъусэ нэсыр, щыкъу анэ гу щабэр гуфІэгъуэ щымыщІэу псэуну, и щхьэгъусэмрэ ёзымрэ зэкъуэту, узынщагъэ быдэ яІэу ирагъащІэ дахэ кьызэдагъэщІэну.

**ХАТАНОВ Хьэчим.**

1995 - 2000 гъэхэм кьалъхуа ныбжьыщІэхэм кикбоксингымкІэ я республикэ зэхьэзэхуэ «Налшык» спорткомплексым щекІуэкІащ.

● Кикбоксинг

# Дыщэ медалу 17, дыжьыну 16

АБХЪАЗЫМ и хуитыныгъэм езыхэм я жэрдэмкІэ зи гъащІэр щІэзытахэм я фэеплъ зэпеуэм хэтащ Къэрэшей-Щэрджэсым, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Ставрополь крайм, Осетие Ищхьэрэ-Аланием, Абхъазым я спортсмен 119-рэ. КъБР-м и щІыхьыр ныбжьыщІэ 50-м яхьумати, абыхэм ящыщу 17-м текІуэныгъэр зыІэрагъэхьащ, 16-м дыжьын медалэр кьахьащ.

Зэхьэзэхуэр кьыщыізэІуахым кьрикьэлІащ икІи спортсменхэм екъулІэныгъэхэр зыІэрагъэхьэмэ зэрагуапэр жаІащ КъБР-м спортымрэ туризмэмкІэ и министр **АфІэунэ Асльэн**, Абхъазым и лІыкІуэ **Бебие Джумбер**, КъБР-м щыщу езыхэм я жэрдэмкІэ Абхъазым щызэуэахэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Яхэгауэ Кьаэбэч**, Афганистаным и ветерансхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Тхьэгъэлэдж Тимур**, Абхъазым и лІыхъужь генерал-лейтенант Сосналы СультІанбэч и щхьэгъуэсэ **Сосналы Любэ**, тхаІкІуэ, Абхъаз зауэм и ветеран **Хонелие Надеждэ**, Псыгуэнсу кьуажэ администрацэм и депутат, Абхъаз зауэм и ветеран **Кьардэнгъущ Кьаэбэч**, Налшык кьалэ дэт «Призвание» медколледжым и унафэщым и къуэдзэ **Бозий Арсен** сымэ, спортым дихьэхэр.

МахуитІкІэ екІуэкІа зэхьэзэхуэм я хьэльагъ, я ныбжькІэльытауэ зыхэта гупхэм я деж япэ увыпІэхэр кьыщахьащ Дол Мурат, Тхьэщыгъуей Мухьсин, КІэфо Ислъам, Асатов Сэид, Парамисов Рэмэзан, Кьарэмырзэ Аэзмэт, Урыс Замудин, Апекъуэ Тимур, Хочуев Эрик, Іэгъуэло Марат, Лэшкэн Бесльэн, Соблир Асльэн, Кьардэнгъущ Владик, ШынтІыкъу Антемыркъан, Мэсей Ислъам, Пекъу Чэрим, Алборэ Амир сымэ. «БэнакІуэ нэхъ льэщу» кьалыгтащ Алборэ Амир. «Гефдэныгъэм зэрыхущІэкъуам папщІэ» сагъэтэпр Кьанокъуэ Хьэмзэт лыысащ.

**УЭРДОКЪУЭ Азэмэт.**



# Хьэх Сэфарбий щагъэльапІэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Лъэпкъ библиотекэм зэхьыхьэ гуапэ щекІуэкІащ. Ар теухуат тхакІуэ, «Щыхуэлъагъуэ» литературэ хасэм и унафэщІ, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Хьэх Сэфарбий и ныбжьыр илъэс 75-рэ зэрырикъуам.**

ЗЭІУЩІЭР къызэІуихащ икІи иригъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым и аспирант **Дзэгъащтэ Аэзмэт**.

Пшыхьым зыкъэрагъэхьэлІащ тхакІуэ, журналист **Мыз Хьэмэд**, тхакІуэ **ШэрыІужь Асльэн**, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и еджакІуэ, филологие щІэныгъэхэм я кандидат **УнэлІокъуэ Вячеслав**, Налшык къалэ дэт курыт школ №27-м адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж **Дол ФатІимэ**, КъБКъУ-м и Филологие институтым адыгэбзэмрэ литературэмкІэ и къудамэм щІэхэр, «Щыхуэлъагъуэ» литературэ хасэм хэтхэр.

ЗэІущІэм къекІуэлІахэм кьыхагъэщащ Сэфарбий и тхыгъэхэр адыгэ лъэпкъым и гъащІэм, абы и тхыдэмрэ и нобэрей псэукІэмрэ къуэпс быдэкІэ зэрыпыщІар. Хьэхьм сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ гулъытэншэу кьигъанэрыкІ. Абыхэм ахуэгъэза усэхэр, рассказхэр етх, ахэр газетхэм, журналхэм куэдрэ кьытохуэ. Сабий усэ зэрыт тхылъ щхьэхуэхэри иІэщ. Курыт школым кьикІа еджакІуэ цІыкІуэхэр Сэфарбий и усэхэм гъахуауэ кьыщеджащ мы зэІущІэм.

Гъащ Іэм и дыджри и Іэф Іри зыгъэунэхуа тхакІуэ Хьэх Сэфарбий и тхыгъэхэм дызыщрихьэлІэ образ щІэщыгъуэхэр, цІыху псэ къабзэхэр, гу пщІанэхэр щІэджыкІакІуэхэм гъэщІэгъуэн ящохъу. Абы и Іэдакъэщ Іэкіэхэм лъэпкъыр ирогушхуэ, абыхэм хэль псэгъэгуфІэдахагъэр зыхащІэ. Аращ литературэм и хъалэн нэхъыщхьэри. ТхакІуэм иджыри тхылъыщІэхэмкІэ дигъэгуфІэну, узыншагъэрэ гуфІэгъуэрэ и куэду псэуну ди гуапэщ.

*Тхылъэри сурэтри* **БЕЗЫР Лена** *ейщ.*

## Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

# Мальхъэдис

Зыгъэхъэзырар щхьэщэмыщІ Иэзэ

# Вынд

## Теплъэгъуэ

Бжьыхьэкіэщи, пщІащхэр щыІэм щыізщ: хэт тхыпхэщІыпхъэхэр зыхащІыхьа гухьэр дахэщ, хэтм дыгъэ нэбзийр зэуэ ебэкІри зишыхьажащи, лъэгум къыщощхьыщхь. Жьы щыІэтыІэр зэрэмызэ кыьуоу, щыхь бжьакъуэу зыуІупльэ жыг къудамэхэр абы хуищІэу щІегъэхьаери, егъэкІэзыз; тхъэмпэхэр къеІэт, зыр адрейм ещырхъыу, нужьым щаждырабгъуэм хуэдэу, ахэр щхьэхьнэ-щхьэхьнэу щІыпІэ-щІыпІэхэмкІэ щотІысэхыж. Тізкіу-тІэкІуурэ щІэхуабжьэ жьым жыг щхьэкІэхэри псей къудамэхэри хуищІэу щыщІигъэхьаекІэ, абыхэм зыгъэ хуэдэщ гумрэ пэмрэ машІэу зыгъэжьажьэ, узыгъэгумэщІ макъамэ-щхьаунтІагъэри, накъыгъэри, пшыналъэ дахащэр къызыш дыщэ бзу щыкІуэхри зэрыбзэхыжам хуэхахьха макъамэ. Псэм Іэфу зыщигъэпсэху жыг хадэшхуэм ситу лъэс лъагъуэ нашэкъашэм сыздрикІуэм, зэуэ жыг щхьэкІэмкІэ къоІукІ вындыжь гуэрым и гуэжьенгъуэ-щтэгъуэ макъ, сызыщІэувыІыкІащи, абы сыхудопльей: и дамитІыр ныкъуэзэгуэхщи, зэм лъагъуэмыхьэныгъэ щытыкІэ къысхуиІэу зегъэщыдж, къысхуогъурхъ, зелІэж, зэми, и нэр а зэрыстримыгъэкІыу, къудамэхэр къызэхепкІыхъ; езыр фІыцІабзэщи, фІамыщІ хьэжьигъэм зыхикухьами ярейщ.

ИкІэм абы мывэм хуэдэу зыкъредзыхь, тІэкІуурэ си щхьэщыгур кІыуфэрэзыхьа нэужь, зэрыхъуар сымыщІэу, и пэмкІэ си щхьэм къыхоуэ, нужьым и дамэхэмкІэ, и-нтІ иджы си напэ гуэрыр къысхуэзэпрехуэзкІ жысІэу, зблэпльэтщ зищыхьыжьри, итІанэ щІым зыкъридзыкъщ. КъыспэтІысащи, и дамитІыр дрегъэуей-кърегъэух, зилІэжу мэкІий. Тхъэмыщкіэм и псэм гуІэгъуэр щІытельым си нэр тохуэ: гъуэжь хьужа удзым хэсу, абы и щыбагъым кьыдэсщ, и пэр къыпылэлрэ лъыр къыжьэдэжу, и дамитІыр Іэпыхупарэ къабзийхэр зэхІэщІэжаэзкІэщІэпхьауэ, вынд гуэр.

Сэ си гугъат а псэущхьэ тхъэмыщкІэр къасщІэу нэхь жьыугъуэдж, псэущхьэ гуэркъэр нэхь щІэзмыкІэу щІыпІэ схьауэ льэныкъуэ езгъэзыну, арщхьэкІэ дэнэт - вынджьж къыспэтІысам зилІэжьпэу хуежьащи, лІыгъэ уиІэщ бгъэдыхьи еІэби. Мо зыльэмыкІыжІам щхьэкІэ зыкъуигъэукІыну хьэзырщ. НэгъэщІ вынд гуэрхэри щІэмычэу кьольэтылІэ, арщхьэкІэ мобы и дамэхэмкІэ зеухьри-зеухь, езыкухэм заредзри, и пэмкІэ яхэуэурэ, кьабзийр къыхечри къыщІуредлъж, аргуэрыжьщи, и дамитІымкІи зеухь. Сэ ахэр ІэзгъэщІри зэбгрызгъэльэтыкІащ. Иужьым гъэзгум дзэдзыхщ, мобы кьыпэскІухьри сежьжауэ лъэбакъуэ тІощІырыпщІ хуэдиз скІуагъэнт, си щІыбагъымкІэ къыщоІу нэхь Іенжу зызылІэж, щтэгъуэ-гужьеигъуэ макъхэр. Гурыщхьуэ щыІэр сщІауэ зэуэ сыкьыщэпльэкІмэ - вынд гупышхуэ мо тхъэмыщкІэхэм къатеуащи, зэрызохьэ, джэдыцми пщІащэ гъуами зыкъаІэтащ. Сэ зэуэ зиСри а зэрыфыщІхэм сабгъэздэлъэдат, мохэр аргуэру Іэзгъэщтыну, арщхьэкІэ мыхьэнэ лъэпкъ иІэжтэкъым. Къуаргъ уІэгъэрагэнт: Іыхъэ-Іыхьэу зэпкъратхъакІэт, мыдрейр, гуІэгъэр зи псэм тельу къыспэтІысарауэ къыщІэкІынт, щылът и дамэ льэныкъуэр и лъакъуэм теукъуэдиежауэ - тхъэмыщкІэм и кІуэцІыр кърагъэуат.

«Я дэ ди Тхьэ лъапІэ! Нобэ зэрышхьэзэрыІыж дэ - щыхь щыкІуэ - кьыддэпльейми ярей мыгъуи мы зи бзэ мыпсалъэ тхъэмыщкІэхэри! - КъыскуэкІуа гупсысэ хьэлъэм псалъэхэр зэтрищыпыкІырт. Си нэгу щІэкІам щхьэжьагъэу сищІауэ, хуэм дыдэу. жьажьэ-жьажьэу, сытекъэжат лъэс лъагъуэм.

ГЪЭУНЭ Борис.

● Псалъэжьхэр

## Бжьыхьэ мафІэ гуапэщ

◆Уи благъэжь къыбдищІэ щэхукІэ уи благъэщІэ дзыхь хуумыщІ.
◆Уи насып зыхэлъым дыщэхъ тепхъуауэ уолъагъу.
◆УнагъащІэ хьэщІэхуэфІщ.
◆Фызым еуэр АІы мыкъущи, хъуэр зымыдэр АІы деІэщ.
◆ХьэщІэ хьэщІэтепсыхэ и жагъуэщ.
◆ЩІхьэж и ныбжьэгъу и гъуджэ-мажьэщ.
◆Бжьыхьэ мафІэ гуапэщ.
◆Бабыщ псым итхьэлэкъым, мэлыхъуэ хьэм ишхкъым.

● Дыщыпсэу щыналъэм

Бжьыхьэ дыщафэм и иужьрей махуэхэр. *Тезыхар* МАМИЙ Русланц.

● Къэпкъ шхыныгъуэхэр

## Собэ тедзэ

*(къуэгъуэ)*

Гуэдз хьэжыгъэр яухуэнщІ, джэдыкІэ, содэ, щыгъу халъхьэри, кьыркуэ хмышІу тхъэвыр псы хуабжкІэ ящщ. ИтІанэ Іэнэм гуэдз хьэжыгъэ тІэкІу трагъэщащэ, тхъэвыр тралъхьэри, и Іувагъир мм 4 - 5 хьууэ хупхьэкІэ хьуреІуэ яху. Ар градуси 120 - 130-м нэсу кьэпльа тебзм иралъхьэри, и щхьэр трамыпІэу дакъикъи 5 - 6-кІэ лъэныкъитІри ягъажьэ.

Собэ тедзэр жьамэ, хуэдэ зырэ ныкъуэкІэ зыкъеІэт, зыгъэтэджыр халъхьэ содэрщ. Содэр ебэкІамэ, щІакхъуэ щІыкІуэхэр гъуэжь мэхъу, и щІыІур кьопІэнкІ, содэмэ кьыхех. Собэ тедзэр хуабэу яшх. Шатэм, шхум, шейм, фом докІу.

**Халъхьэхэр:** *гуэдз хьэжыгъэ - г 200, джэдыкІэпсу - 1 , псыуэ - г 80, щыгъуу, содэ - узыуейм хуэдиз.*

## Къазмакъэ форэ

Къазмакъым икІри и пэри кьыпач, кхъуэзанэм ильу ятхьэщІ, псыр щІэжа нэужь кІэструлым е кхъуэщыным иракІутэ, фІыуэ зэхапІытІэ, фо хакІэри, псори фІыуэ зэІащІэж. Ар банкІ гъущэм иралъхьэри, и щхьэр ягъэбыдэж, гъущапІэ-щІыІапІэм ягъэуэ. ЩІахъхьэм тельу яшх, шейм драф.

**Халъхьэхэр:** *къазмакъыу - г 1000, фоуэ - г 1000.*

***«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхьылъым кьытхэжащ.***

● ЖыІэгъуэхэр

## Хьэл пхуэхъунур пщІэнукъым

■Дзэр узмэ, йоІэзэ - Іуачырхъым: жьы хъумэ, езыр къыІухужьынущ.
■Сымаджэу тынпрэ узынпщэу гугъу ехьрэ щыІэкъым. (Узынпщэм зэн зыхнмыщІэн щхъу бзаджэ гъащІэм пІэщ: Іумыуэху и насыпщ).
■Узым ебэныр къонэри, кьарум щыгугъыр мэджалэ.
■Фадэм езыгъэлейр нэрыгъыу еубыд.
■Бдзэжьейр и щхьэмкІэ фын зэрыщІидзэр псыщхьэмкІэ зэрекъум кьыхэмыкІыу пІэрэ?
■Кіиф-гуоуныр ущинкІэм и джэрпэджжщ.
■Ежьужь и лъабжьэ гуэрэныжьщ.
■МыхъумыщІэхэр мэкІэ зэрощІэ.
■ЩІхъхьым узыІэпешэ.
■Іейр псалъэмакъынпэщ: хущІыхьэгъуэ игъуэтырыкъым.
■Дуней и и махунтІ зэхуэдэкъым - щІыхурн апхуэдэщ.
■Хьэл пхуэхъунур пщІэнукъым.
■ЩІхьэхуещэр «щэныфІэщ».
■ПщІыр нахуэщ, пэжыр щхуэщ.
■Іыхьлы-благъэм щхъу щыкІуу кърамыхьэжі, хамэмн ягъэІурКъым.
■Губжьым гур кьегъэкъабзэ.
■Гур хуэмыкІуэмэ, щхьэм сыт и ягъэ.
■Дунейр кІэкІэ зумыхьэ: абы щхьэ хуейщ.

БЕЙТІГЪУЭН Сэфарбий.

● Фи лъэІукІэ

## Псей щІыкІу мэзышхуэм къыщыкІащ

Псей щІыкІу мэзышхуэм къыщыкІащ,
Ар мэзым къыщыхьащ.
Гъэ псом имыІэу фэзэхъуэкІ
ЩІхъуантІабзэу ар щытащ.

Борэным щІегъэдэу уэрэд:
«Лэу щы, псей щІыкІу, лэу щы»,
Уэс Іуэкіэ уаем зрешэкІ:
«ТепІэм уэ зыпхуэсщІынщ».

ТхъэкІумэкІыхь щтэрей щхъуэ щІыкІу
Псей лъабжьэм щоуджыкІ,
Зэм-зэм дыгъужь, бзаджащІэ щхъуэжь,
МыпІащІэу блоущыкІ.

Зэхэпхрэ, пльэт, шы Іэжьэ макъ
Мэз Іувым кьыпхоІукІ,
ЩІэщІащ а Іэжьэм зы шы щІыкІу,
МэпІащІэр, щІоущыкІ.

Шы Іэжьэ кьакІуэм исщ лІыжь щІыкІу,
А Іэжьэм ильщ ди псейр,
Тхупнупщ Іауэ кьыгъуешэж,
Кьытхуеушэр ар ди дей.

Абы зигъэщІэращІэри,
Махуэщхуэм кьытхьыкащ,
ГуфІэгъэр фІыгъуи куэду дэ
Сабийхэм кьытхупхьащ.

КЪУДАЩ Рае.

# Псалъэзэблэдз

***ЕкІуэкІыу:*** **4.** Кхъухьлъатэзэехуэу щыта, Совет Союзым и ЛІыхъужь. **6.** Арэуан районым хиубыдэ кьуажэ. **9.** Зеиншэ. **10.** Ди гъунэгъу щІалэм и ... бы-дэщ школ нэужьым еджапІэ ищхьэ щІэтІысхьэну. **11.** «Адыгэ ... » - Даур Аслъэнрэ Хьэнфэн Алимрэ яуса уэрэд щІэрыІуэ. **12.** Мусльэлымэн лъэпкъыщхуэ. **14.** Цыхубз щыгъын. **15.** Адыгэ таурыхъэм узыщрихьэлІэ фызыжь хьилэшы. **16.** Къуаргъ лъэпкъым щыщ къуалбзу. **18.** Кьурш лъэныкъуэмкІэ кьрихту жьы щІыІэтыІэ. **19.** Жыгым и «джанэ». **23.** Ябыныкъуэ джэдкъазхэм, кьуалэбзухэм я кІэм пыт цы пхъашэ. **24.** Фочыпэм паІу гъущ папщІэ, ирипыджэу. **28.** Мусльымэным игъэзэщІэн хуей тхъэхуэщІэ кьалэн. **29.** ... техьэ тенэркъым. **30.** Зи кьудамэхэр теухъуэнщІыкІа жыг льэдий гъум. **34.** ... зимыІэм шкІэ щІещІэ. **35.** Лым трищІэ пшэрыпІэ. **37.** Пщыхьэщхьэм ... ин кьыкьуэуащ. **38.** Ельцин Борис 1999 гъэм Степашиным и пІэкІэ Правительствэм и УнафэщІу ар игъэуващ. **40.** Ди лъэпкъэгъу, Урысей Федерацэм щыхь зиІэ и ар-цэм и цІыхубэ художник. **41.** Бгырыпхыщхьэ. **42.** Документальнэ фильм гъуэгуанэ куэд тезыха адыгэ режиссёр. **43.** Сату Іэмэпсымэ.

***Къехьу:*** **1.** Зэгуамыгъэжу псэущхьэм траха фэ. **2.** Адыгэ макъамэхэр уэрэдус цІэрыІуэ. **3.** Гъэш, псы хуэдэхэр зэрызэрахьэ. **4.** Дзэлыкъуэ районым хиубыдэ жьы-лагъуэ. **5.** Ди унафэщІым ... сыкъыщІауэ гугъу срегъэхь. **7.** Балькъэр лъэпкъым и бзэкІэ кьыдэкІгазет. **8.** Адыгэ зэрэджьІакІуэр, Урысей Федерацэм щыхь зиІэ и артист. **12.** ... кьупщхьэкІэ уеуэми гъыркъым. **13.** Килограмм пщыкІух. **17.** Дэтхэнэ зи лъэпкъри адыгэ режиссёр ... узынщэ кьыщІэхьуэну. **20.** Хадзэкі. **21.** Зэщхьэгъэсэхэр щыІэмызэгъэ унэм ... макъ кьыщІэІукІ хабзэщ. **22.** ГъукІэм и лъэщапІэ. **25.** Бреженевым и ужькІэ СССР-м и унафэщІу щытэ. **26.** Адыгэ макъамэ Іэмэпсымэ. **27.** Акъыл зэпІэзэрыт зимыІэ цыху псынщІэ. **31.** Пхъэщхьэмыщхьэ фІыцІафэ-къащхьуафэ хьурей цыкІу, ткІыбжьу. **32.** Дзэдум зэрелэжэ гъэзфІагъыщІэ. **33.** Си ... кьэлъагъуи, сыныщІолъэІуа тІэкІур кьысхуэщІэ. **36.** Адыгэ псалъэжьым зэрыжиІэмкІэ, зыщщышынэн имыльагъуэ, кхъуэр абы докІ. **39.** Зыгуэрым и зэхуэдитІ. **40.** Эпхъу ирахьэжьам кІэльыщигъэпхъуа гуп.

*Зэхэзылъхьар*
**МЫЗ Ахьмэдщ.**

***ЩэкІуэгъуэм и 23-м дн газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкІуэкІыу:*** **1.** Мэзыхьэ. **3.** Къазмакъ. **6.** Шыдыгу. **8.** Чэф. **9.** Мыл. **10.** Дыжьын. **12.** Кьурыкъу. **16.** Бажэ. **17.** Нащэ. **18.** Гупыж. **23.** Аркъэ. **24.** Псыхъуурей. **25.** Нааэ. **27.** Сахуэ. **30.** УпщІэ. **33.** Сэро. **34.** Хьурмэ. **36.** Сэджыт. **39.** «Нур». **40.** Пэу. **41.** Хьуржьн. **42.** Баштлыкъ. **43.** Щэрмэт.

***Къехьу:*** **1.** Мэшыкьуэ. **2.** Хьэфэ. **4.** Арму. **5.** Кьапльэн. **6.** Шэд. **7.** Гуэн. **11.** Жьым. **13.** Кьундэпсо. **14.** Ущ. **15.** Хьуп. **16.** Бжэндэхьу. **19.** Кьурш. **20.** Шыд. **21.** Кьру. **22.** Бзу. **26.** Псыбыб. **28.** Хугу. **29.** Сыдж. **31.** Пэ. **32.** Мэжджьт. **35.** Куржы. **36.** Сэхъу. **37.** Тэн. **38.** ІупщІэ.

● ПсалъэкІэ

## Убзэныр къызыхэкІыр

ЦІыхур убзэу кьалъхуркъым. Ар убзэ зыщІыр е и кьаруунагъэрщ, е зэрыкъэрабгъэрщ, е зэрыщхьэхуэщІрщ.

## Плъэкіиті

Зыр уафэм дэплъейімэ, илъагъур абы щызэрызехьэ пшэжьхэм я закъуэщ. Адрейм а пшэжьхэм ельагъу, ауэ ещІэ абыхэм я щІыкІэ дыгъэр и кьару псомкІи къызэрыщепсыр.

## Шыпсыранэ

Гъатхэр кьыщІысым, адрей удэхэми хуэдэу, шыпсыранэри кьэгъэгъат. Ауэ зыри абы хуеплъэкІыртэкъым.

«Удэ гъэгъа псори цІыхухэм гуфІэу пач. АтІэ сэ щхьэ сыкъагъанэрэ? Сыт си лажьэ?» - жиІэрт абы, и щхьэ мыгъуагъэ хуихьыжу.

Абы ищІэртэкъым зэрышпсыранэр.

## Дэжей

Дэжейр жыгыщІэ цІыкІум ищІагъ къыщыхэкІат. Ар иджыри цІынэ дыдэт, зэфІэкІынышт.

- КхъыІэ, зосшэкІыну хуит сыщІ, - елъэІуащ дэжейр жыгым. - Сэ зыгуэрым зеэмышэкІмэ, сыкІуэдыжынущ.

Жыг цІыкІум, дэжейр фІэгуэныхь хъурэ, «зыкъыІэшэжкІ», - жиІащ. Иджы жыгыр пшагъуэжьхэрэ? Ар ищІэ, «зыкъыІэшэжкІ», - дэжейм зэщІищтащ.

**КАГЪЫРМЭС Борис.**

● Тхыгъэ кІэщІхэр

## Джэш

ДЖЭШЫР ижь зэман ІьландэрэадыгэхэмкъаІэкІ. Ар икъуэкІэ ерыскъы къэуатщ, абы шхынигъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр къыхащІыкІ, гъэгъахэм бжьэм фо кьыпах.

Джэшым и къэхъупІэкъежьапІэр Америкэрщ, Колумб Христофор а щІынальэр зэрыщІэрнаІуэ къищІа нэужь, испанхэм XVI лЭщІыгъуэм ар Европэм кьашащ.

Джэшыр хуабэр фІыуэ зыльагъу кхъэкІыгъэщ. Ар къэкІын, зиужьын щхьэкІэ щІыгулъым хуабэу градус 20 - 25-рэ игъуэтын хуейщ. Апхуэдэу нэхумрэ псыІагъэмрэ фІыуэ ельагъу. А къэкІыгъэр щыхьэпсэну нэхъыфІщ ятІагъэуэ щІыхэм.

Джэшыр узынщагъэмкІэ сэбэпышхуэ зэрыхуэхьэ къагъэлъэгъуэщ ирагъэкІуэкІа къэпщытэныгъэхэм. Ар узыфэ куэдым пэщІэтыфщ. Махуэ кьэс джэшу 50 пщхьэмэ, лыпхыр къоуэлІэныр кьыпхуэзэтегъэувыІэну кьальытэ.

**ДОЛ Іэминэ.**

● Фэ фщІэрэ?

## Джэш

уэ ельагъу. А къэкІыгъэр щыхьэпсэну нэхъыфІщ ятІагъуэ щІыхэм.

Джэшыр узынщагъэмкІэ сэбэпышхуэ зэрыхуэхьэ къагъэлъэгъуэщ ирагъэкІуэкІа къэпщытэныгъэхэм. Ар узыфэ куэдым пэщІэтыфщ. Махуэ кьэс джэшу 50 пщхьэмэ, лыпхыр къоуэлІэныр кьыпхуэзэтегъэувыІэну кьальытэ.

**ДОЛ Іэминэ.**

● Гупсысэр - псалъэкІэ

# Лъагъуныгъэ нэфІэщІ

ЦІЫХУФЭМ дэхуэнур зыхуэдизыр кихутэи мурадкІэ дунейм дыкьыстриутІыпщкьами ярейщ ДыкьэзыгъэщІам. СогъэщІагъэ, дыгъуаеэ уи макъ сыхуэІэу, уи Іуплъэгъуэ сыхуэрихуэнур кьысхуэмыгъэсу эзэманым сенькъуэкъуащ. Си фІэщ хъурт узри апхуэдэ зыгуэркІэ уи гур кьысхуэпабгъэу. СелІалЭртэкъым псалъэ хэщыпыхьаэхри уэркІэ кьыхэсхьи зэрыхуейм - кьызэрыгуэкІыу, кьыпылъэдам езмыгъэгъэзжу сынопсэльэфмэ сеплъыну мурад сщІат. Си гугъэт уи нитІым си гум щызу ІэфІагъ кьащІэсхьину, ди зэхуэзэм си гуныкъуэгъуэ псори дуужьхьну. Ауэ сыт хуэдэ гугъапІэ симыІами, псори нэр изыщІ щхьэгъэщІжти! Дэнэ кІуат ущысльагъуэкІэ сызэщІэзыІэтэ къару лъэпри, сыщІэгъуэщыхьрэ зыщызгъафІэу щыта уи нитІми пшагъуафэ щхьэ есплъэрэ, пхуэзгъэтІыгъуэу зэманкІэ пхуэсхьума псалъэ ІэфІхэм я кІапэльапи щхьэ кьысхуэмыубыдыжрэ?! МыпхуэдизмыгуряІуэгъуэ дауэ сакьыІэщІэкІыну? Си пщІыхь нэхъ шынагъуэ дыдэми кьыхэзгъахуэрэтэкъыми апхуэдэщ щытыкІэр. СщІэркъым... Хэт абыкІэ кьуаншэр? Сэра? Уэра? НэгъэщІ? Хьэуэ, уэ сыткІэ ббгъэдэслъхьи кьуаншагъэр, дауи кьыштеэгъэхуэн гуныхьэ? Дунеягъэ гуэныхьри хъэзабри згъэвыну сыхьэзыри, языхэри кьыпплъэзмыгъэІэсу. Уэ сыткІэ уи лажьэ щхьэзыфІэфІагъкІэ си псэм щызэхэзухуэна гухэлъхьэмрэ си гум щхэуу кьиІуцрщхэмрэ. Уи фІи уи Іеи зыхащІакъым, ягъэунэхуакъым абыхэм. Сэращ... Кьуаншэ арэфыр сэращ, си закъуэщ. Уи хьэлыр псоми езыгъэфІэкІыу, уи пщІэр псоми езыгъэльэгъэІыу, уи нитІым уафэ кьащхьэм хагъэджразэу кьызыщыхьэуу, уи бзэр вагъэбзэу зи тхьэкІуэмэм щызыгъафІэу щытар нэгъэущІкъым - сэращ. Кьыхсхуэгъэгъу, зэрымыщІэкІэ зегуэр си гупсысэ кІапэльапІэ кьыплъэІэсамэ, пхузиІа гухэлъхэм ябжь кьыпщІихуамэ, схуэмышІэу си нитІым зыгуэр кьаІуэтэгъамэ. Кьыскхуэгъэгъу, нэгъэущІ мыхьэми, пхузиІа лъагъуныгъэм и хьэтыркІэ. Зи хьэпІи зи шхыпІи кьыскхуэмыгъуэтыжу бзэха лъагъуныгъэ дахащэм!..

**ЖАМБЭЧ Рабия.**

**Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ**
**ЖЪЭКІЭМЫХЪУ Маринэ**

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

**Хьэфыщ Іэ Мухьэмэд** (редактор нэхъыщхьэ), **Жылаз Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Нэщ Іэныдж Замир, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Иэз.**

**КьыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр**



«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэкІ.

360030, Къэбардей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, обгъуанэ-епщІанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Іуэхущ Іапэхэм ядолжьэныкІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ Іапэм - 42-26-41; суэрттехьэм - 42-75-78.

Теуэдз тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхутыуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зыхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынщ и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатным и хуитынырэр хьэмэныжьмкІэ Къэбэрдей-Балькъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапэм №ІІ-0065-м щІэту зэтхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

«Етграграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ,
Лениным и цІыкІэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

*Мы кьыдэкІыгъуэм елэжьахэщ:* жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къашокъуэ Элэ, редактор Гуащэ Заремэ, корректорэу Щоджэн Инэ *(1, 2, 4-нэ нап.)*, Щоджэн Заирэ *(3, 5, 6-нэ нап.)*, корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу Мырзэкъан ФатІимэ. *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр щІащ* Мэлбахьуэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жанпэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыраш.

Газетым Іэ тредзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.757 ● Заказ №2988